MANYÈL

POU KONBAT KORIPSYON



Ensemble Contre la Corruption

© *Ensemble Contre la Corruption* est le propriétaire exclusif du Guide Contre la Corruption. Tout droit de reproduction en tout ou en partie doit faire l'objet d'accord préalable entre ECC et les tiers. ECC partage la licence non-exclusive du Guide avec *Avocats sans frontières Canada* et *Affaires Mondiales Canada.* ECC est le seul responsable du contenu de ce matériel didactique.

PREMYE KOZE

De mo pou lektè yo, gason kou fi

Ansanm kont Koripsyon kontan epi li fyè pou l mete materyèl didaktik pou konbat koripsyon sa a nan men sitwayen yo, gason kou fi, nan men asosyasyon ak òganizasyon ki nan kominote ayisyen yo. Nou fè tout efò nou:

I. pou nou montre kouman chak zak koripsyon fèt;

II. pou nou ede sitwayen yo, gason kou fi, lonmen non koripsyon an;

III. pou nou ba yo kapasite pou yo idantifye aktè, gason kou fi, ki fè pwomosyon pou li e ki jwenn avantaj ladan;

IV. pou nou fè moun konnen sanksyon ki la pou chak zak yo rewpoche yo;

V. pou nou gaye enfòmasyon sou tout mwayen Leta ak enstitisyon li yo genyen pou yo konbat fenomèn sa a nan administrasyon piblik la ak nan sosyete a an jeneral;

VI. pou nou bay sitwayen yo, gason kou fi, kapasite pou yo aji kont zak koripsyon yo toupatou sou teritwa ayisyen an.

Zouti didaktik sa a mete kle nan men lektè yo, gason kou fi. Si yo byen sèvi ak yo, yo kapab ouvri pòt transparans, efikasite ak efisyans nan depans piblik, rann kont, patisipasyon sitwayen, egalite nan jan yo trete moun ak jistis.
Toupatou nan lemonn, Leta k ap goumen kont koripsyon yo bay tèt yo mwayen ki nesesè, yo adopte ladrès nan twa pilye sa yo:

1. 1ye pilye a se jwenn enfòmasyon. Yo gaye enfòmasyon sou finans yo, yo piblik e yo prezante yo yon yon fason tou senp. Lalwa rekonèt kapasite pou moun fè rechèch. Si sosyete a fòme nan domèn teknik ak règ bon jesyon, li kapab ranvèse ata baryè ki pi pisan ki refize kontwòl, transparans ak bon jesyon byen tout moun. Ansanm kont Koripsyon leve defi enfòmasyon ak fòmasyon an ak materyèl didaktik sa a li mete a dispozisyon senp sitwayen yo, gason kou fi. Paske, fòk ajan piblik yo byen konprann yo ka pèdi repitasyon yo nenpòt ki lè si yo pran yo nan senn kont koripsyon sitwayen yo tann pou yo. Se devwa enstitisyon Leta yo pou yo ba yo mwayen jwenn enfòmasyon libelibè. Annatandan yo vote Lwa a, Ansanm kont Koripsyon mande sitwayen yo, gason kou fi, pou yo pa rete bra kwaze, pou yo pran kouraj yo ak de men yo pou yo bay avètisman tout kote yo sispèk gen zak koripsyon oubyen zak koripsyon yo klè.

2. 2zyèm pilye a se ranfòse lwa ki egziste yo. Lwa sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon ki pibliye an 2014 la se yon pa nan bon direksyon. Fòk nou fè yon pledwaye pou lwa sa a pi klè nan dènye nivo, pou yo pase men ladan si sa nesesè, epi pou yo ranfòse lwa ayisyen yo nan tout sans pou frennen sistèm koripsyon ki la a ki vlope tout administrasyon piblik la.

3. 3zyèm pilye a se ranfòse enstitisyon yo ak fen sistèm enpinite a. Ansanm kont Koripsyon ap pale la a de tout enstitisyon ki patisipe nan respè règ kont ak pouvwa piblik yo: ULCC, CSCCA, UCREF, BAFE, IGF, CNMP, komisyon plamantè yo, pakè sistèm jidisyè a yo an jeneral. Sèten peyi kreye pakè finansye kont koripsyon yo ki gen otorite sou tout peyi a. Sa fè pati pledwaye Ansanm kont Koripsyon dwe fè a. Èske nou dwe redi krim finansye yo pa jwenn okenn pinisyon ann Ayiti nan moman n ap prezante materyèl didaktik sa a?

Sitwayen, gason kou fi, Ansanm kont Koripsyon kreye yon adrès elektwonik pou nou, pou nou ranmase tout enfòmasyon avètisman sou ka koripsyon sispèk oubyen ki klè ki rive nan tout rejyon peyi d Ayiti. Ansanm kont Koripsyon pran angajman pou l fè rechèch ki nesesè pou l kapab verifye si yo vre avan li fè gran piblik la konnen yo. Sitwayen yo, gason kou fi, gen yon wòl kle pou yo jwe nan kominike yon enfòmasyon ki respekte règ verite yo san fay, ki fyab, ki verifyab, ki kapab enterese popilasyon an e ki kapab enspire opinyon piblik la pou yo travay san pran souf pou rejte koripsyon. Men adrès elektwonik lan: alertecorruption@ecc-haiti.org.
Nan non tout moun ki pral itilize materyèl sa a, Ansanm kont Koripsyon felisite Mèt Claudie MARSAN (Klodi MASAN) ak ekip li a ki te fè meyè òf teknik ak finansye pou devlope zouti didakti sa a e li remèsye yo poutèt yo te mete pasyon yo espètiz yo nan redaksyon dokiman sa a. Materyèl sa a se travay:

- Mèt Claudie MARSAN (Klodi MASAN), konsepsyon ak redaksyon;
- M. Gamaliel FRANGUEL (Gamalyèl FRANGÈL), rechèch;
- M. Chevelin Djasmy PIERRE (Chevlen Dyasmi PYÈ), makèt ak ilistrasyon.

Pwofesè Lemète ZEPHYR (Lemèt ZEFI) fè tradiksyon kreyòl la ak konpetans ak pasyon.
Ansanm kont Koripsyon remèsye manm komite redaksyon an yo tou ki sipèvize pwodiksyon sa a ak antouzyas ak jenewozite pou konsèy administrasyon an. Se:

- Madam Fabienne DEVIS (Fabyèn DEVIS);
- Madam Suzy CASTOR (Sizi KASTÒ);
- Mesye Samuel BERNARD (Samyèl BÈNA);
- Mesye Freud JEAN (Fred JAN);
- Mesye Joseph Maxime Rony (Jozèf Maksim WONI);
- Mesye Edouard PAULTRE (Edwa POLT);
- Mesye Jean-Baptiste ROMULUS (Jan-Batis Womilis), reskonsab pwogram ansanm kont koripsyon.

Dokiman sa a prepare nan kad pwojè Jwenn jistis ak konba kont enpinite ann Ayiti. Avoka San Fwontyè egzekite pwojè a ak èd finansye gouvènman Kanada bay pa mwayen Afè mondyal Kanada. Ansanm kont Koripsyon remèsye Avoka San Fwontyè Kanada (ASFC/ASFK) pou èd teknik ak finansye dirèk li nan kad yon Akò Patenarya ak Ansanm kont Koripsyon.
Bon lekti tout moun!

Edouard PAULTRE
Sekretè egzekitif

Me Gédéon JEAN
Prezidan

LAWYERS WITHOUT BORDERS
AVOCATS SANS FRONTIERES
ABOGADOS SIN FRONTERAS
Canada

Canada

DE MO SOU ECC

PREZANTASYON ÒGANIZASYON ANSANM KONT KORIPSYON AN (ECC an franse)

Vizyon

Ayiti, yon peyi ki libere anba koripsyon kote byen piblik sèvi pou devlòpman li.

Misyon

Ansanm Kont Koripsyon (Ensemble contre la Corruption, ECC) angaje l:

- pou li mobilize sitwayen yo nan konba kont koripsyon an ak kont pratik move gouvènans yo;
- pou li fè pledwaye pou refòm enstitisyon yo ak aplikasyon lwa yo ;
- pou li kontribye pou fè lajistis pote viktwa nan enterè devlòpman peyi d Ayiti.

Prensip moral

- Nou angaje nou pou nou pran desizyon nan enterè kominote a, pa nan enterè yon gwoup moun ni yon moun:
- Tenasite: Nou detèmine pou nou lite kont koripsyon jouk sa kaba.
- Entegrite: Nou bay tèt nou pou nou defann diyite pèp la.
- Enklizyon ak patisipasyon: Nou travay nan yon espri ouvèti ak kolaborasyon avèk tout aktè k ap lite kont koripsyon.
- Endepandans: Nou mete byen kolektif la sou tèt enterè gwoup ak enterè grenn moun. Se sèl enterè jeneral ak sa ki nan avantaj tout moun ki gide aksyon nou.

Objektif jeneral

Konbat koripsyon ak enpinite pandan n ap fè pwomosyon pou bon gouvènans ak bon jesyon resous ak fon piblik yo an favè devlòpman pèp ayisyen an.

Objektif espesyal

1. Sansiblize tout sitwayen pou n rive fè yon gwo mobilizasyon sosyal kont koripsyon ann Ayiti.
2. Defann dwa sitwayen yo genyen pou yo jwenn enfòmasyon, pou sèvis ki konsène yo pibliye enfòmasyon epi pou yo trete yo kòrèkteman.
3. Fè pledwaye pou refòm enstitisyon ki fè pati sistèm òganizasyon entegrite nasyonal yo, tankou: ULCC, CSCCA, CNMP, UCREF, IGF, CSPJ, eksetera, oswa pou mete nouvo enstitisyon epi pou entegre sosyete sivil la nan **espas desizyon** enstitisyon sa yo.

LIS ABREVYASYON AK SIG KI NAN DOKIMAN AN

AOI	*Appel d'Offres International (Apèl d òf Entènasyonal)*
AON	*Appel d'Offres National (Apèl d òf Nasyonal)*
ASFC	*Avocats Sans Frontières du Canada (Avoka San Fwontyè Kanada)*
BAFE	*Bureau des Affaires Financières et Économiques (Biwo Afè Finansye ak Ekonomik)*
CDMP	*Commission Départementale des Marchés Publics (Komisyon Deptmantal Mache Piblik)*
CNMP	*Commission Nationale des Marchés Publics (Komisyon Nasyonal Mache Piblik)*
CICC	*Convention Interaméricaine contre la Corruption (Konvansyon Enterameriken Kont Koripsyon)*
CNUCC	*Convention des Nations Unies contre la Corruption (Konvansyon Nasyonzini kont Koripsyon)*
CSCCA	*Cours Supérieur des Comptes et du Contentieux Administratif (Lakou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif)*
DAO	*Dosye Apèl d'Offres (Dosye Apèl d òf)*
DGI	*Direction Générale des Impôts (Direksyon Jeneral Enpo)*
ECC	*Ensemble Contre la Corruption (Ansanm Kont Koripsyon)*
IGF	*Inspection Générale des Finances (Enspeksyon Jeneral Finans)*
MARNDR	*Ministère de l'Agriculture des Ressources naturelles et du Développement rural (Ministè Agrikilti, Resous natirèl ak Devlòpman riral)*
MEF	*Ministère de l'Économie et des Finances (Ministè Ekonomi ak Finans)*
MTPTC	*Ministère des Travaux Publics, Tranports et Communications (Minsitè Travopiblik, Transpò ak Kominikasyon)*
OSC	*Organisations de la société civile (Òganizasyon sosyete sivil)*
ONG	*Organisation non gouvernementale (Òganizasyon non gouvènmantal)*
UPM	*Unité de Passation de Marchés (Inite Pasasyon Mache)*
UCREF	*Unité Centrale de Renseignements Financiers (Inite Santral Ransèyman Finansye)*
PPM	*Plan de Passation de Marchés (Plan Pasasyon Mache*

INTWODIKSYON

Ayiti se yon peyi ki mèt tèt li, ki gen yon Konstitisyon ki presize: *«Leta gen obligasyon ijan pou Ayisyen, fi kou gason, timoun kou granmoun, jwenn lavi, lasante ak respè tout moun gen dwa jwenn, jan sa pale nan atik 19 Deklarasyon sou dwa tout moun nan».*

Twa obligasyon sa yo, sa vle di, respekte **dwa moun**, **pwoteje dwa moun, epi garanti dwa moun,** bay Leta **obligasyon** tankou **rann sitwayen yo kont** yon bò, epi li bay moun yo dwa tankou **mande kont**, yon lòt bò.

Lè Leta pa respekte prensip rann kont lan, sa montre pa gen transparans, se kondisyon ideyal pou fè koripsyon ki mennen vyolasyon dwa moun.

Sa enpòtan pou nou souliye garanti fondamantal dwa moun devan jiridiksyon ki la pou pousuiv moun fè pati prensip legalite deli ak pèn dikton ***Nullum crimen, nulla poena sine lege a***: **Pa gen krim, pa gen pèn san lwa** a esprime a. Prensip sa a pa regle akizasyon sèlman, li presize pèn ak dispozisyon prekosyon yo tou. Sa vle di, esepte enfraksyon ki gen rapò ak disiplin, kèlkeswa degre yo, kit se kontravansyon, deli oswa krim, se sèlman ak pèn lalwa te prevwa avan yon moun te fè yon enfraksyon y ap pini enfraksyon an. Pou ranfòse lide sa a, sa bon pou nou repete atik 4 Kòd Penal ayisyen an: *«Yo pa ka pini okenn kontravansyon, okenn deli, okenn krim ak pèn lalwa pa t pwononse l sou li avan yo te fè yo.»*

Nosyon «pèn» ak «dispozisyon pwoteksyon»

Avan nou defini enkriminasyon an, avan nou etidye chak bagay nou konsidere kòm zak koripsyon nan materyèl didaktik sa a, sa bon pou nou konprann nosyon « pèn » ak nosyon « dispozisyon pwoteksyon » an rapidman.

Pèn nan se yon sanksyon yo kapab bay yon moun ki fè yon enfraksyon. Selon gravite enfraksyon sa a, se kapab prizon, amann, destitisyon oswa lòt bagay.

Dispozisyon pwoteksyon an se yon prekosyon, yon mezi ki la pou yo pwoteje sosyete a kont yon delenkan ki reprezante yon danje, lè yo frennen li pou garanti lòd piblik. Lè yo dezame kriminèl epi yo konfiske zam yo, sa yo se dispozisyon pwoteksyon. Se kapab sanksyon administratif tou tankou sispansyon, entèdiksyon pou moun kandida pou pòs, entèdiksyon pou moun patisipe nan apèl d òf nan kad mache, radye manm yon kò (kontab, avoka, …), eksetera.

Ki sa koripsyon an ye?

Koripsyon se yon enkriminasyon ki pran plizyè fòm epi chak fòm gen pèn nan nivo yo ki mache ak yo. Jeneralman, *«pèn nan pwopòsyonèl ak gravite enfraksyon an ak degre responsablite delenkan an ».* Sepandan, pou lejislatè a dekouraje moun fè koripsyon, nan lwa 12 mas 2014 la, li prevwa pou yo bay yon konplis menm pèn ak prensipal moun ki fè zak koripsyon an. Tou dabò, nou dwe defini sa ki enkriminasyon an.

Nosyon enkriminasyon an

Enkriminasyon an se yon dispozisyon politik kriminèl yon otorite ki gen konpetans pou sa pran pou klase yon konpòtman ***nan nivo enfraksyon*** pandan l ap presize ***eleman ki ladan l (eleman legal, materyèl ak moral)*** ki defini enfraksyon an ak pèn ki mache ak yo.

Pou chak enkriminasyon, tèks lejislatè a dwe fè eleman materyèl ak eleman moral chak zak li enkrimine parèt klè. Anplis eleman legal ***«Nullum krimen, nulla poena lege» a,*** ki fòme enfraksyon an, chak zak lejislatè a prezante kòm enfraksyon dwe gen eleman materyèl ak eleman moral.

Eleman materyèl la fè **konpòtman lalwa enkrimine** a ak **konsekans final li genyen pou moun ki poze zak la** parèt klè. Konsekans sa yo se pèn, sanksyon, konfiskasyon sa moun nan itilize pou fè zak la, domaj ak enterè ak tout dispozisyon pwoteksyon ki apwopriye.

Eleman moral la vin konfime ***entansyon*** moun ki fè zak la te genyen pou l fè enfraksyon an oubyen krim nan reyèlman, paske tout krim se bagay moun ki fè zak la fè espre. Kon sa, krim yo se enfraksayon moun fè espre. Yon deli kapab fèt espre oubyen li gen dwa pa espre. Men, yon moun ki fè yon enfraksyon ki aji pou li fè zak li a espre konnen se yon enfraksyon ki kapab gen konsekans penal pou li l ap fè.

Nou dwe souliye si yon moun te sèlman temwen yon zak koripsyon epi li pa t denonse l oubyen si yo te itilize l pou fè zak la, li enplike otomatikman. Lè sa a, li se yon temwen pasif oubyen yon zouti nan yon zak koripsyon, menm si kou a pa ta reyisi. Nou dwe sonje koripsyon gen de pati oswa plis: koriptè ak kowonpi ki enplike ladan l. Nan kèk ka, ni koriptè a, ni kowonpi a kapab aktif. Nan lòt sityasyon, kapab genyen yon aktè aktif oubyen plizyè, oubyen yon aktè pasif oubyen plizyè.

- Atik 11 ak 12 pi ba yo nou pran nan lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon ki modifye atik 137 ak 138 Kòd Penal la nan lòd nou site yo a defini aktè pasif yo epi yo fikse pèn ak sanksyon pou yo ba yo

- **Atik 11: Atik 137** Kòd Penal la modifye kon sa: «*Tout ajan piblik, tout fonksyonè administrasyon piblik nasyonal, tout ajan fòs piblik, tout jij ki dakò ak òf oubyenak pwomès oubyen ki resevwa òf oubyen kado pou fè travay li, menm si li jis, men li pa nan kad salè l, y ap ba li pinisyon prizon jan atik 20 Kòd Penal la defini li an*

ak yon amann senk san mil(500.000.00) goud san wete anyen nan sanksyon disiplinè Lalwa prevwa yo».

- **Atik 12: Atik 138** Kòd Penal la modifye kon sa: *«Dispozisyon pi wo a aplikab pou tout ajan piblik, tout fonksyonè administrasyon piblik nasyonal, tout ajan fòs piblik, tout jij ki pa fè travay li akoz li dakò ak òf oubyen ak pwomès oubyen akoz li resevwa òf oubyen kado.»*

Epi, atik 14 lwa 12 mas 2014 la ki modifye atik 140 Kòd Penal la prezante aktè aktif yo pandan li prevwa pèn ak sanksyon ki rezève pou yo: *«Kèlkeswa moun ki fè aksyon oubyen menas pou fòse yon ajan piblik, yon fonksyonè administrasyon piblik nasyonal la, yon ajan fòs piblik la, yon majistra oubyen pou eseye fòse yo oubyen ki kowonp yo oubyen ki eseye konwonp yo ak pwomès oubyen ak òf oubyen ak kado pou jwenn swa yon opinyon ki nan avantaj li, swa pwosevèbal, eta, sètifika oubyen estimasyon ki kontrè ak laverite, swa plas, travay, mache piblik, oubyen lòt avantaj kèlkonk, y ap bay moun sa a pèn prizon jan sa defini nan atik 20 Kòd Penal la ak yon amann ant senk san mil (500.000.00) goud ak milyon (1.000.000.00) goud».*

Atik 5 lwa 12 mas 2014 konsènan prevansyon ak pinisyon koripsyon an site 14 bagay sa yo kòm zak koripsyon dapre lwa sa a :

«Touche lajan lalwa pa mande, richès ilegal, blanchiman pwodui krim, detounman byen piblik, abi fonksyon, lajan anba tab, komisyon ilegal, gwosi fakti, trafik enfliyans, abi enfliyans ak abi otorite, itilizasyon enfòmasyon konfidansyèl, pasasyon mache piblik ilegal, pran enterè ilegal, abi byen sosyal, ak tout lòt zak lalwa kalifye kòm koripsyon».

Y ap defini chak zak epi y ap egzamine chak zak yo enkrimine. Y ap fikse pèn, sanksyon ak konfiskasyon espesyal pou yo chak jan lwa 12 mas 2014 la prevwa sa. Sa bon pou n souliye

- **Atik 2 kòd penal la** di : *«Yo konsidere tout tantativ krim ki manifeste pa mwayen zak vizib epi ki kòmanse egzekite, si se sikonstans kon sa kon sa ki fè li sispann oubyen ki fè li rate, oubyen si li sispann san se pa volonte moun k ap fè aksyon an kòm krim epi y ap bay moun ki fè sa a pèn prizon; dire pèn nan ap depann de gravite ka a».*

KONTEKS

DISPOZISYON KONT KORIPSYON ENTÈNASYON AL AK NASYONAL POU YO APLIKE

Pou Ayiti konbat koripsyon yon fason efikas, li te oblije suiv kouran entènasyonal la epi li ranfòse lejislasyon li. Pou yo kapab fè prevansyon zak ki merite pinisyon yo epi pou yo pini yo nan tout nivo, ni nan sektè piblik, ni nan sektè prive, dirijan ayisyen yo pran desizyon enpòtan :

- pou anrichi lejislasyon nasyonal la etan y ap amonize li ak dispozisyon entènasyonal yo nan antre nan konvansyon yo pa mwayen ratifikasyon yo. Kon sa, yo bay peyi a zouti legal valab ki dekouraje moun fè koripsyon pou konbat fleyo sa a ;

- pou ranfòse sistèm lwa ak enstitisyon peyi a nan kreye lwa, regleman ak enstitisyon ki garanti yo respekte yo.

SEKSYON A
Aplikabilite konvansyon kont koripsyon Ayiti ratifye yo

Atik 276-2 Konstitisyon Repiblik d Ayiti a di : « Depi yo fin sanksyone Trete ak Akò Entènasyonal epi yo ratifye yo fason Konstitisyon an mande a, yo fè pati lejislasyon nasyonal peyi a ap itilize yo si dispozisyon yo pa kontrè ak Konstitisyon an. »

Lejislasyon ayisyen sou konba kont koripsyon an ranfòse :

a) ak konvansyon entèameriken kont koripsyon (CICC/KEKK) dekrè 19 desanm 2000 ratifye a ;

b) ak konvansyon Nasyon Zini kont koripsyon (CNUCC/KNZKK).

Pou n konbat koripsyon an nan tout aspè li lè gen vid nan lejislasyon ayisyen an, nou kapab deside aplike konvansyon yo.

Mete sou sa, sa enpòtan pou n fè yon gran bak nan istwa pou n siyale Repiblik d Ayiti te siyen 2 trete, youn an 1874, lòt la an 1904. Sa te deja montre volonte dirijan ayisyen epòk la ak efò yo pou yo reprime koripsyon epi pou yo asire administrasyon jistis nasyonal la mache byen.

a) Trete Wayòm Ini ak Repiblik d Ayiti pou youn voye kriminèl peyi yo ki al kache kay lòt bay lòt la Ayiti siyen 7 desanm 1874. Trete sa a kouvri **« detounman »** ak **« fwod »** yon moun yo bay yon depo, yon reskonsab bank, yon ajan, yon koutye komès; yon moun lajistis otorize akonpaye yon granmoun, yon direktè, yon manm oubyen yon ofisye piblik yon konpayi kèlkonk. »

b) Trete estradisyon ayisyano-ameriken 1904 ki kouvri fo nan ekriti piblik oubyen prive, sèvi ak fo papye, detounman ofisye piblik oubyen moun yo pran kòm garanti oubyen moun ki gen yon salè fè kont patwon yo, depi valè bagay yo detounen yo pa mwens pase de san dola.

SEKSYON B

Adopsyon dispozisyon nasyonal: kad jiridik ak estriktirèl

a. Kad legal

Anplis Konstitisyon Repiblik d Ayiti a ki prevwa mwayen pou konbat koripsyon yo, w ap jwenn prensipal tèks jiridik konba kont koripsyon yo pi devan nan lòd dat yo te adopte yo pou fasilite w ou suiv evolisyon desizyon Ayiti pran nan batay kont flewo sa a.

1. Konstitisyon Repiblik d Ayiti a[1]

- **Atik 241** Konstitisyon Repiblik d Ayiti a prevwa pou yo adopte yon lwa ki trete enfraksyon nan kesyon enpo ak anrichisman ilegal ak devwa tout fonksyonè ki okouran de yon ka kon sa pou yo rapòte otorite ki konsène yo sa.
- **Sa atik 242** a di a tèlman enpòtan, nou oblije mete l la a : *«Yo kapab sèvi ak tout kalite prèv pou montre gen **anrichisman ilegal**, espesyalman lè yo sipoze gen yon gwo diferans ant mwayen fonksyonè a vin genyen depi li an fonksyon an ak kantite salè fonksyon li okipe a ba li dwa resevwa a»*.

---

1 ***Atik 235.-*** *"Fonksyonè yo ak anplwaye yo o sèvis Leta sèlman. Yo gen obligasyon pou yo aplike prensip ak etik Lwa sou Fonsyon Piblik la etabli yo nèt."*

Atik 238.- *"Fonksyonè lalwa prevwa yo dwe deklare eta patrimwàn yo nan Grèf Tribinal sivil nan yon dèle trant (30) jou apre yo fin antre nan fonksyon yo. Komisè Gouvènman an dwe pran tout dispozisyon li jije ki nensesè pou verifye deklarasyon an egzat"*.

Atik 241.- *"Lalwa sanksyone enfraksyon nan domèn enpo ak anrichisman ilegal. Fonksyonè ki okouran bagay kon sa gen dwe rapòte otorite konsène yo sa."*

Atik 242.- *«Yo kapab sèvi ak tout kalite prèv pou montre gen **anrichisman ilegal**, espesyalman lè yo sipoze gen yon gwo eka ant mwayen fonksyonè a vin genyen depi li an*

a. *fonksyon an ak kantite salè*

b. *fonksyon li okipe a ba li dwa resevwa a»*.

c. **Atik 243.-** *"Fonksyonè ki koupab pou deli ki site pi wo yo pa kapab benefisye plis pase preskripsyon apre ventan. Preskripsyon sa a kòmanse sèlman lè li pa an fonksyon ankò oswa lè rezon ki ta anpeche yo pousuiv li yo pa la ankò"*.

d. **Atik 276.-** *"Asanble Nasyonal la pa ka ratifye okenn Trete, okenn Konvansyon ni okenn Akò Entènasyonal ki gen kondisyon ki kontrè ak Konstitisyon sa a"*.

e. **Atik 276-1.-** *"Ratifikasyon Trete, Konvansyon oubyen Akò Entènasyonal yo fèt sou fòm dekrè."*

f. **Atik 276-2.-** *"Depi yo fin ratifye Trete ak Akò Entènasyonal yo jan Konstitisyon an prevwa pou sa fèt, yo fè pati Lejislasyon*

peyi a epi yo aanile tout Lwa ki kontrè ak yo».

g. **Atik 279.-** *"Trant (30) jou apre Prezidan Repiblik la fin eli, li dwe depoze envantè tout byen li ki ka deplase ak byen li ki pa ka deplase notè vize nan grèf Tribinal Premye Enstans kote li rete a, epi l ap fè menm bagay la lè manda li fini."*

h. **Atik 279-1**.- *"Premye Minis la, Minis yo ak Sekretè Deta yo gen menm obligasyon sa a nan yon dèle trant (30) jou apre yo fin enstale nan fonksyon yo ak lè yo kite fonksyon yo."*

i. ***Atik 280.-*** *"Yo p ap bay manm Gran Kò Leta yo okenn frè, ni okenn endamnite pou kèlkeswa travay espesyal yo ba yo fè."*

j. Sa fondamantal pou tout kontribyab konnen yo gen dwa pou yo mande reprezantan Leta yo kont. Epi yo dwe toujou sonje «*Fonksyonè ki koupab deli ki site pi wo yo pa ka benefisye preskripsyon apre ventan. Se sèlman lè li pa an fonksyon ankò oswa lè rezon ki ta anpeche yo pousuiv li yo pa la ankò tan preskripsyon sa a kòmanse»*, dapre atik 243 Manman Lwa peyi nou an.

k. Lwa 21 fevriye 2001 sou blanchiman byen moun fè nan trafik ilegal dwòg ak lòt enfraksyon grav;

l. 3. Dekrè 8 sektanm 2004 sou kreyasyon Inite Lit kont Koripsyon an;

m. 4. Dekrè 23 novanm 2005 sou òganizasyon ak fonksyònman Lakou Siperyè dè Kont ak Kontansye Administratif la;

n. 5, Lwa 12 fevriye 2008 sou deklarasyon patrimwàn sèten kategori pèsonalite politik, fonksyonè ak lòt ajan piblik;

o. 6. Lwa 10 jen 2009 ki fikse règ jeneral mache piblik ak konvansyon sou jan pou yo bay kontra travay sèvis piblik;

p. 7. Lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak pinisyon koripsyon;

q. 8. Lwa 8 me 2017 sou òganizasyon ak fonksyònman Inite Santral Ransèyman Finansye a.

r. b. Kad enstitisyonèl

s. Yo te kreye diferan enstitisyon Leta ki la pou aji avan oubyen aprè nan konba kont koripsyon an:

t. 1. Kreyasyon Inite Santral Ransèyman Finansye a (Unité Centrale de Renseignements Financiers, UCREF) selon atik 3.1.1 Lwa 21 janvye konsènan blanchiman byen moun fè nan trafik ilegal dwòg ak lòt enfraksyon grav la.

Selon atik 2.1.1 lwa sa a, UCREF reskonsab pou l resevwa deklarasyon moun ak òganis
dispozisyon sou prevansyon blanchiman ak dekouvèt blanchiman yo vize yo dwe fè, pou l analize yo, epi pou l trete yo : *«Moun oubyen enstitisyon ki reyalize operasyon ki mennen depo, echanj, deplasman, konvèsyon oubyen tout lòt mouvman lajan, espesyalman nan etablisman kredi yo ak nan enstitisyon oubyen entèmedyè finansye yo, ki kontwole yo oubyen ki konseye yo nan kad pwofesyon yo».*

UCREF konpetan pou «tout operasyon chanj ki fèt alamen, nan kazino ak nan espas jwèt, ansanm ak kote yo fè operasyon sou byen ki pa ka deplase, kote yo kontwole yo oubyen yo bay konsèy sou yo» tou.

Menm si misyon UCREF se pa konbat koripsyon nesesèman, men inite sa a ki nan Ministè Ekonomi ak

Finans (MEF) ta kapab patisipe nan bay ransèyman ki itil, sitou nan kad anrichisman ilegal, blanchiman pwodui krim nan ak detounman byen piblik. Malerezman, inite sa a ki anba otorite MEF la pa gen okenn endepandans epi li anba enfliyans Egzekitif la.

2. Kreyasyon Inite Lit kont Koripsyon an (Unité de Lutte Contre la Corruption (ULCC) ak dekrè 8 sektanm 2004 la

Atik 2 dekrè sa a deklare: *«Inite Lit kont Koripsyon an gen misyon pou l travay pou konbat koripsyon ak manifestasyon koripsyon sou tout fòm nan administrasyon piblik la pou: pwoteje byen piblik ak byen kolektif, asire efikasite dispozisyon yo ak aksyon yo pou evite zak koripsyon ak enfraksyon ki sanble ak koripsyon, detekte yo, sanksyone yo epi elimine yo, favorize transparans nan jesyon byen piblik, kreye yon klima konfyans pou ankouraje envestisman prive, moralize administrasyon piblik ak lavi piblik an jeneral»*.

Rezilta yo pran tan epi nou kapab sipoze ULCC ap gen menm sò ak UCREF piske li anba otorite Ministè Ekonomi ak Finans, toutotan yo pa fè l tounen yon enstitisyon ki pa sibi okenn enfliyans Egzekitif la.

3. Kreyasyon Komisyon Nasyonal Mache piblik (Commission Nationale de Marchés Publics, CNMP) ak dekrè 3 desanm 2004 la

CNMP se ògàn reglemantasyon ak kontwòl avan ak apre mache piblik yo. Men, kòm li plase anba otorite Premye minis lan, li pa gen endepandans ki pèmèt li fè travay li ak otorite sa mande a.

Kreyasyon yon sèvis teknik dekonsantre ki rele Enspeksyon jeneral Finans (Inspection Générale des Finances, IGF) nan ministè Ekonomik ak Finans ak dekrè 17 mas 2006 la

Yo te kreye sèvis sa a pou ranfòse operasyon kontwòl administratif entèn ak esktèn ki fèt sou jesyon òdonatè yo ak sou jesyon kontab piblik yo pou fasilite verifikasyon, odit, ankèt, aplikasyon yon rejim displin bidjetè ak finansye, kontwòl pasasyon mache piblik ak egzekisyon mache piblik yo, ak lòt ankò. IGF la ta kapab ede konbat koripsyon nan yon sans. Men li gen menm pwoblèm ak UCREF, li p ap ka janm fè travay li an

CHAPIT 1

TOUCHE LAJAN LALWA PA MANDE



Definisyon

Touche lajan lalwa pa mande se **krim pran lajan moun san vyolans** yon **ajan piblik** ki ap manyen **lajan piblik** fè.

1. Sa lalwa di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini krim touche lajan lalwa pa mande a?

"Tout fonksyonè piblik, tout ofisye piblik, tout ajan administrassyon piblik nasyonal, tout moun ki la pou touche pou dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vin pou Leta oubyen pou komin, ki koupab poutèt yo fè krim touche lajan lalwa pa mande nan bay lòd pou moun touche lajan, oubyen pou yo egzije lajan dwa, taks, lajan piblik oubyen lajan pou Leta, oubyen pou salè, oubyen pou yo resevwa lajan oubyen avantaj plis salè yo konnen yo pa te dwe òdone pran prizon a vi kòm pinisyon. Mete sou sa, koupab yo kondane pou yo renmèt lajan yo resevwa lalwa pa prevwa a ak yon amann twa fwa valè kantite lajan yo renmèt la, san wete anyen nan domaj ak enterè ki mache ak yo.

Y a bay moun ki bay egzonerasyon oubyen franchiz sou dwa, sou enpo oubyen sou taks piblik, kit se yon pati, kit se tout, etan yo vyole tèks lwa ki di jan pou sa fèt yo menm pèn nan.

Y a bay moun ki eseye fè enfraksyon atik sa a prevwa yo menm pèn ak moun ki fè enfraksyon sa yo.

Dispozisyon atik sa a anile tout sa atik 135 Kòd Penal la prevwa yo."

2. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

2.1. **Moun ki fè** enfraksyon an

Tout fonksyonè piblik, tout ofisye piblik, tout ajan administrasyon piblik nasyonal, tout moun ki la pou touche dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vin pou Leta oubyen pou komin.

2.2. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè menm nan

Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche moun nan prezan, li manifeste plizyè fason:

a) Sa moun nan fè oubyen sa li eseye fè yo repwoche l

Se yon zak yon moun fè ki parèt:

- Nan konpòtman yon moun ki gen otorite piblik oubyen ki reskonsab yon misyon sèvis piblik ki touche dwa, taks, lajan oubyen sa ki pou Leta, salè oubyen avantaj plis salè lalwa pa prevwa.

- **Egzonerasyon** oubyen yon **franchiz** pou w pa peye dwa, enpo oubyen taks piblik ki **vyole tèks lwa sou sa yo.**

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an
Yo parèt **nan pèn ak sanksyon** atik 5.1 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an **prevwa byen klè** yo.

2.3. eleman moral : entansyon moun nan pou li fè enfraksyon an

Prezans eleman moral nan konpòtman moun yo repwoche a konfime moun ki fè krim nan te vle fè l toutbon.

a) Sa eleman moral vle di nan yon krim an jeneral

Krim yo se enfraksyon moun fè ak tout entansyon yo. Moun ki fè yo a konnen li fè yon enfraksyon ki kapab lakòz lajistis pini li. Yon moun ki touye moun konnen li vle koupe lavi yon moun epi gen yon pèn pou konpòtman li an.

b) Fason yo detekte eleman moral nan krim touche lajan lalwa pa **mande**

Prèv moral la konfime volonte moun nan pou li fè krim touche lajan lalwa pa mande a. Sa parèt nan konpòtman sikolojik moun ki fè enfraksyon sa a lwa 12 mas 2014 la sanksyone a espre. Krim touche lajan lalwa pa mande a se yon bagay moun fè espre, paske moun pa kapab pran lajan moun lalwa pa prevwa paske yo pa pridan oubyen paske yo neglijan.

3. Egzèsis/Evalyasyon

3.1. **Tès rapid**: **Koreksyon an gwoup-Kesyon/repons pou nou tcheke**

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal moun ki fè krim touche lajan lalwa pa mande a?

a) Tout fonksyonè, tout ofisye piblik, tout ajan piblik administrasyon piblik nasyonal, tout pèseptè dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vini pou Leta oubyen pou komin, ki resevwa sa yo konnen moun pa dwe pou dwa, taks, lajan piblik oubyen lajan ki vin pou Leta.

b) Moun/enstitisyon ki benefisye egzonerasyon oubyen franchiz.

c) Tout fonksyonè, tout ofisye piblik, tout ajan piblik administrasyon piblik nasyonal, tout pèseptè dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vin pou Leta oubyen pou komin, ki **bay** yon egzonerasyon oubyen yon franchiz pou moun pa peye dwa, enpo oubyen taks piblik, pou yo pa peye menm oubyen pou yo pa peye yon pati, kèlkeswa fason an, pou kèlkeswa rezon an, ki vyole tèks lwa sou jan sa dwe fèt yo.

2. Krim touche lajan lalwa pa mande a bezwen:

a) yon sèl aktè aktif

b) yon sèl aktè pasif

c) de aktè aktif

a) Krim touche lajan lalwa pa mande a prevwa pèn ak sanksyon kont:
b) Aktè prensipal la sèlman
c) Koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.
d) Kontribyab ajan piblik la pran lajan li an.

3. 2. **Evalyasyon final: Kesyon/repons. Ka pratik.**
1. Di sa krim touche lajan lalwa pa mande a ye. Ki pèn ak sanksyon k ap tann koupab yo?

2. Ki diferan aktè ki fè krim touche lajan lalwa pa mande a? Èske yon moun oblije gen otorite piblik pou yo akize l pou krim touche lajan lalwa pa mande a?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran yon seri dispozisyon reyèl pou anpeche moun fè krim touche lajan lalwa pa mande a. Bay referans legal la/yo. Repwodui sa yo di la a.

4. Ki sò moun ki konplis nan krim touche lajan lalwa pa mande yo? Èske yo kapab pousuiv yo, pini yo?

5. Imajine yon ka touche lajan lalwa pa mande. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral epi bay konsekans yo.

6. Ki konsekans absans sanksyon kont moun ki konplis zak krim koripsyon?

Radyografi atik 5.1 an

ak sanksyon pou moun kif è enfraksyon an	Prizon ak kondanasyon pou yo renmèt lajan yo pran lalwa pa prevwa a plis yon amann yo ki egal twa fwa valè lajan yo renmèt la, san wete anyen nan domaj ak enterè yo dwe peye. **Remak**: Dire prizon an depann de gravite ka a selon konpreyansyon jij k ap èn nan. Moun ki eseye fè krim touche lajan lalwa pa prevwa a ap sibi menm pèn nan.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Tout fonksyonè, tout ofisye piblik, tout ajan piblik administrasyon piblik nasyonal, tout moun ki la pou touche dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vini pou Leta oubyen pou komin, tout moun ki bay lòd pou yo resevwa sa yo konnen yo pa t dwe resevwa oubyen ki egzije pou yo resevwa sa yo konnen yo pa t dwe resevwa pou dwa, taks, lajan piblik oubyen lajan ki vini pou Leta, oubyen pou salè ak avantaj plis salè. Tout fonksyonè, tout ofisye piblik, tout ajan piblik administrasyon piblik nasyonal, tout moun ki la pou touche dwa, taks, lajan Leta, lajan ki vin pou Leta oubyen pou komin, ki **bay** yon egzonerasyon oubyen yon franchiz pou moun pa peye dwa, enpo oubyen taks piblik, pou yo pa peye menm oubyen pou yo pa peye yon pati, kèlkeswa fason an, pou kèlkeswa rezon an, **ki vyole tèks lwa sou jan sa dwe fèt yo.**
Fason sa parèt pi souvan	Malvèsasyon yon direktè jeneral ki sèvi ak otorite li pou l antre lajan, pou l eseye antre lajan espre kòm salè, kòm pèdiyèm oubyen lòt bagay ki pi plis lontan pase sa ki la pou sa. sasyon yon pèseptè ladwann ki egzije yon kantite lajan oubyen ki eseye egzije yon kantite ki pi plis pase vrè bòdwo moun/enstitisyon k ap peye nenpòt enpo. Yon pwopriyetè pa peye enpo lokatif kay li, kontribisyon sou pwopriyete bati li (kontribisyon fonsyè sou pwopriyote yo bati) depi plis pase senk (5) an. Pou l ka siyen yon kontra lokasyon avèk Leta, li vle peye dènye ane li dwe a, paske kantite dèt enpo li a trè wo. Yon pèseptè DGI egzije oubyen eseye egzije yon kantite lajan ki plis pase vrè bòdwo a pou pèman dènye ane kontribisyon fonsyè sou pwopriyote bati a. Moun/enstitisyon k ap peye a asepte paske sa bon pou li.

loun ki pratike fòm koripsyon sa a

Tout fonksyonè, tout ofisye piblik, tout ajan piblik administrasyon piblik nasyonal, moun yo mete touche dwa oubyen moun yo bay fonksyon espesyal, tout pèseptè dwa, taks, kontribisyon, lajan piblik oubyen lajan ki vin pou komin, ak moun yo mete fè sa oubyen yo bay yon fonksyon espesyal.

SA POU NOU SONJE

Sa enpòtan pou nou sonje tout aktivite koripsyon bezwen entèvansyon de moun ki pou fè li, yon moun ki kowonp lòt moun e ki prensipal moun ki fè krim nan an jeneral, ak yon kowonpi ki kapab yon aktè aktif oubyen pasif. Kapab gen konplis ki patisipe ladan tou. Atik 5.1 an pa trete sitiyasyon moun ki konplis nan krim touche lajan lalwa pa mande a ni li pa prevwa pèn pou moun ki ta kapab konplis. Fòk nou gade atik 241 Konstitisyon an ak dispozisyon lwa sou kesyon enpo.

Touche lajan lalwa pa mande nan Leta Ayisyen lakòz resous ki disponib pou konbat povrete yo diminye anpil.

CHAPIT

2

RICHÈS ILEGAL



Atik 5.2 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon

1. Definisyon

An franse, yo pale de “enrichissement illicite”. Mo “illicite” la se yon adjektif ki soti nan “illictus”, an laten, yon adjektif ki vle di sa lalwa oubyen moral pa otorize moun fè.

Richès ilegal se sitiyasyon moun ki sèvi ak mwayen ki kontrè ak lalwa ak moral pou yo vin rich.

Yon moso atik 20 Konvansyon Nasyon Zini kont koripsyon an defini richès ilegal kòm *“ogmantasyon enpòtan byen yon ajan piblik ajan an pa ka pwouve li byen genyen yon fason lojik dapre lajan li fè nan bon kondisyon*.”

Yon moso atik 9 Konvansyon entèameriken kont koripsyon an prezante “richès ilegal” kòm *“yon ogmantasyon enpòtan byen yon fonksyonè li pa ka pwouve li byen genyen yon fason lojik dapre lajan li resevwa nan bon kondisyon nan kad fonksyon li.”*

Konstitisyon Repiblik d Ayiti a pale de richès ilegal espesyalman nan atik 241 jouk 243.

Sa lalwa di

1.1. Kouman Konstitisyon Repiblik d Ayiti a poze pwoblèm nan?

Atik 241.- "Lalwa prevwa sanksyon kont moun ki fè enfraksyon nan kesyon enpo ak richès ilegal. Fonksyonè ki konnen bagay kon sa fèt dwe fè otorite ki la pou sa yo konnen sa."

Atik 242.- "Yo kapab pwouve moun fè richès ilegal ak tout fason yo chache prèv, espesyalman ak siy ki montre gwo diferans ant mwayen fonksyonè a genyen depi li antre an fonksyon ak kalkil global total avantaj oubyen salè fonksyon li ba li."

Atik 243.- "Fonksyonè ki koupab poutèt li fè fot pi wo yo pa kapab benefisye plis pase preskripsyon apre 20 an. Preskripsyon sa a kòmanse dat li kite fonksyon li oubyen kòz ki ta anpeche yo pousiv li yo."

1.2. **Kouman lwa 12 mas 2014 la defini richès ilegal?**

"Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen tout manm fòs piblik ki pa kapab pwouve ogmantasyon egzajere byen li yon fason lojik dapre lajan li fè nan bon kondisyon koupab pou richès ilegal.

. Moun ki fè zak sa a ap pran prizon kòm pinisyon ak yon amann de fwa lavalè ogmantasyon byen egzajere a san wete nan sanksyon ekonomik lalwa sou enpo prevwa yo.

Y a kondane tout moun yo rekonèt ki koupab poutèt yo sere richès ilegal oubyen rezilta richès ilegal pou yo resevwa menm pèn ak moun ki fè zak la."

2. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

2.1. Moun ki fè enfraksyon an yo

Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen manm fòs piblik ki vin rich san yo pa kapab jistifye kouman yo vin rich.

3.2 **Prèv materyèl: enfraksyon moun ann fè a menm**

Prèv ki konfime konpòtman yo repwoche moun nan la e li parèt plizyè fason:

a) Zak yo repwoche l yo

- Gwo diferans egzajere nan nivo lavi yon moun sa konsène ant lè li antre nan pòs la ak yon ti tan apre oubyen lè li kite pòs la.

- Richès egzajere moun sa konsène a pa kapab jistifye.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.2 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa espesyalman byen klè.

3.2 Prèv **moral**: **entansyon pou fè enfraksyon an**

Prèv moral nan konpòtman moun yo repwoche a se yon bagay yo pa ka nye ki konfime entansyon moun nan pou li vini rich nan vyole lalwa. Sa parèt nan konpòtman sikolojik moun ki fè enfraksyon sa a lwa 12 mas 2014 la sanksyone a ak tout volonte li. Vini rich nan vyole lalwa se yon bagay moun fè espre,

paske gwo ogmantasyon byen yon ajan piblik pa kapab fèt akòz maji jiskaske li pa ka di kote sa soti.

4. Radyografi atik 5.2 a

Pèn ak sankyon	Prizon ak amann ki reprezante de fwa valè ogmantasyon egzajere a san wete anyen nan sanksyon ekonomik lwa sou enpo prevwa.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout jij oubyen tout manm fòs piblik ki pa kapab esplike yon diferans egzajere ant byen yo ak lajan yo fè nan bon kondisyon yon fason ki lojik. Y ap bay tout moun yo rekonèt ki koupab poutèt yo sere richès ilegal oubyen rezilta richès ilegal menm pèn ak moun ki fè enfraksyon an.
Fason sa parèt pi souvan	Ogmantasyon egzajere byen moun sa konsène a dapre lajan li fè nan bon kondisyon.
Moun ki pratike fòm koripsyon sa a	Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen manm fòs piblik.

SA POU NOU SONJE

Sa enpòtan pou nou sonje tout aktivite koripsyon bezwen entèvansyon de moun ki pou fè li, yon moun ki kowonp lòt moun e ki prensipal moun ki fè krim nan an jeneral, ak yon kowonpi ki jwe wòl konplis la souvan, li kapab yon aktè aktif oubyen pasif. Selon atik 5.2 a, anplis tout moun ki sere richès pou lòt, gason kou fi, ap resevwa menm pèn ak moun ki fè krim nan, moun ki benefisye rezilta richès ilegal la ap sibi menm konsekans yo tou.

Pou yo anpeche tout tout dezòd finansye sèten ajan piblik ki gen move entansyon ta ka fè kont enterè peyi a, moun ki ekri konstitisyon 1987 la yo pran prekosyon pou yo presize mwayen pou evite sa rive nan atik 238, 279 ak 279-1 Konstitisyon Repiblik d Ayiti mànyèl la repwodui la a:

Atik 238.- “Fonksyonè lalwa idantifye yo oblije deklare kantite byen yo genyen nan grèf Tribinal sivil la nan delè trant (30) jou apre yo enstale nan fonksyon yo. Komisè Gouvènman an dwe pran tout dispozisyon li jije ki nesesè pou l verifye si deklarasyon an vre.”

1 Article 7 du chapitre 3 de la loi du 12 février 2008 portant déclaration de patrimoine par certaines catégories de personnalités politiques, de fonctionnaires et autres agents publics.

Egzèsis/Evalyasyon

2.2. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/repons pou chwa:

KOREKSYON AN GWOUP

1. Tcheke kilès ki kapab koupab poutèt yo vin rich yon fason ki ilegal.

a) Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen tout manm fòs piblik ki pa kapab pwouve gwo ogmantasyon byen yo yon fason lojik dapre lajan yo fè nan bon kondisyon.

b) Moun oubyen enstitisyon ki peye enpo ki genyen yon mache piblik.

c) Tout fonksyonè oubyen ajan piblik oubyen nenpòt moun ki okipe yon pòs li genyen nan eleksyon ki genyen premye lo nan lotri nasyonal d Ayiti.

2. Vin rich yon fason ilegal mande :

a) yon sèl aktè aktif.
b) yon sèl aktè pasif.
c) de aktè aktif.

3. Vin rich yon fason ilegal mennen pèn ak sanksyon kont:

a) prensipal moun ki fè sa a sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

c) prensipal moun ki fè sa a, moun ki sere pou li ak moun ki benefisye sa li sere a oubyen richès ilegal la.

2.3. Evalyasyon final: Kesyon/repons. Ka pratik.

1. Di sa vin rich yon fason ilegal ye. Ki pèn ak sanksyon ki la pou koupab yo?
2. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo prevwa dispozisyon reyèl pou anpeche moun vin rich yon fason ilegal. Bay referans lwa ki genyen sou sa. Ekri sa yo di yo egzateman.

Egzèsis/Evalyasyon

2.4. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/repons pou chwa:

KOREKSYON AN GWOUP

4. Tcheke kilès ki kapab koupab poutèt yo vin rich yon fason ki ilegal.

d) Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen tout manm fòs piblik ki pa kapab pwouve gwo ogmantasyon byen yo yon fason lojik dapre lajan yo fè nan bon kondisyon.

e) Moun oubyen enstitisyon ki peye enpo ki genyen yon mache piblik.

f) Tout fonksyonè oubyen ajan piblik oubyen nenpòt moun ki okipe yon pòs li genyen nan eleksyon ki genyen premye lo nan lotri nasyonal d Ayiti.

5. Vin rich yon fason ilegal mande :

d) yon sèl aktè aktif.
e) yon sèl aktè pasif.
f) de aktè aktif.

6. Vin rich yon fason ilegal mennen pèn ak sanksyon kont:

d) prensipal moun ki fè sa a sèlman.

e) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

f) prensipal moun ki fè sa a, moun ki sere pou li ak moun ki benefisye sa li sere a oubyen richès ilegal la.

2.5. Evalyasyon final: Kesyon/repons. Ka pratik.

3. Di sa vin rich yon fason ilegal ye. Ki pèn ak sanksyon ki la pou koupab yo?
4. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo prevwa dispozisyon reyèl pou anpeche moun vin rich yon fason ilegal. Bay referans lwa ki genyen sou sa. Ekri sa yo di yo egzateman.

Chapit

3

BLANCHI BYEN MOUN FÈ NAN KRIM

*(*Atik 5.3 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

Atik 1.1 lwa 21 fevriye 2001 sou blanchi byen moun fè nan dwòg ak lòt enfraksyon grav di "blanchi byen" se:

1.1 konvèti lajan oubyen transfere lajan pou evite yo dekouvri yo te fè yo nan vyole lalwa oubyen pou degize kote yo soti, oubyen pou ede moun ki fè enfraksyon ki ba yo lajan sa yo chape anba sanksyon lalwa prevwa pou zak sa yo;

1.2 kache kalite byen yo, kote yo soti, kote yo mete yo, dispozisyon yo pran pou yo deplase yo oubyen vrè mèt byen yo, oubyen degize tout bagay sa yo;

1.3 aksyon yon moun ki achte byen yo, ki genyen yo oubyen ki sèvi ak yo, ki konnen byen sa yo se rezilta krim nan oubyen ki te dwe konnen sa dapre lwa sa a.

Selon definisyon alineya e) atik 2 Konvansyon Nasyon Zini kont koripsyon an, **pwodui krim nan** "se

tout byen ki soti dirèktman oubyen endirèktman nan yon enfraksyon yo fè oubyen tout byen moun genyen nan fè enfraksyon an."
Moun ki lage kò yo nan fè zak lalwa kondane pou ranmase lajan ak byen bezwen jistifye yo. Byen sa yo yo rele **pwodui krim** nan dwe blanchi. Kon sa, sèten moun oubyen enstitisyon fè entèvansyon yo pou fasilite yo jistifye pwodui krim nan ak nenpòt mwayen oubyen pou yo bay konkou yo nan sèvi ak tranzaksyon yo mal pou dekouvri pou yo kache pwodui krim nan. Moun ak enstitisyon sa yo koupab paske yo fè enfraksyon **Blanchi Pwodui Krim nan**.
Blanchi lajan pa bagay moun kapab nye depi gen yon pwodui ki soti nan krim oubyen nan fot epi yon moun oubyen yon enstitiyson fè yon operasyon pou kache sous richès lalwa kondane, ki ilegal, imoral.

1. Sa lalwa di: Kouman lwa 12 mas 2014 la defini blanchi pwodui krim?

"Tout moun oubyen tout enstitisyon ki koupab poutèt yo sèvi ak nenpòt mwayen pou blanchi pwodui krim pou ede jistifye sous byen oubyen lajan moun ki fè koripsyon ki bay moun sa a yon pwofi dirèk ou endirèk oubyen ki bay konkou nan yon operasyon pou plase byen an yon kote oubyen pou kache li oubyen pou konvèti pwodui zak sa a va resevwa pèn lwa sou blanchi lajan an prevwa a.
Tout moun oubyen tout enstitisyon yo rekonèt ki koupab kòm konplis oubyen kòm reselè nan yon zak blanchi pwodui krim va resevwa pèn lwa sa a prevwa yo.
Moun ki eseye blanchi byen resevwa menm pèn ak moun ki fè enfraksyon an."
2. *Rechèch tout eleman materyèl ak tout eleman moral* **enfraksyon sa a**

3.1 **Moun ki fè** enfraksyon an
Tout moun oubyen tout enstitisyon ki koupab poutèt yo blanchi pwodui krim.
6.2 Prèv materyèl: krim reyèl *moun nan fè a*

a) **Sa yo repwoche li**

Krim moun nan fè a se yon zak koripsyon ki parèt paske:
- Gen byen oubyen lajan pwodui krim nan ki soti nan yon zak lalwa pini (koripsyon, trafik lalwa kondane, krim finansye, zak teworis, kidnaping oubyen lòt) yon moun oubyen yon enstitisyon fè;

- Gen prezans yon lòt fasilitè ki jistifye kote byen yo **oubyen lajan yo soti nan bay manti oubyen ki kache pwodui krim nan, ki transfòme li, ki plase li yon kote.**

b) **Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an**

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 4.2.1 ak sa ki vini apre yo nan lwa 18 fevriye 2001 sou blanchi lajan an.
3.3**. eleman moral** : entansyon pou moun nan fè *enfraksyon an*

Prèv moral la konfime entansyon **moun ki fè enfraksyon an** pou l suiv twa etap demach ki fasilite blanchi lajan an nan tout detay pou l rive blanchi pwodui krim nan reyèlman. eleman moral la parèt nan volonte moun ki fè enfraksyon an ki **aji espre toutbon** pou l rive blanchi lajan yo te renmèt li (pwodui krim nan) **nan faz plasman kote lajan an antre nan sistèm finansye a** pou anpeche yo dekouvri kote li pase **nan faz sanble lajan an** pou yo kapab "lave" lajan sal la epi pou yo efase tout tras li pou anpeche yo dekouvri kote operasyon an soti. Answit, yo konstate volonte moun ki fè enfraksyon an, nan dènye **faz entegrasyon an**, pou l fè plasman lajan ki blanchi a nan envestisman ki pa gen okenn soupson. Tout egzèsis sa yo pwouve moun nan **fè enfraksyon sa a ak tout entansyon li**.

4. Radyografi atik 5.3 a

Pèn ak sanksyon yo bay moun ki fè krim nan	Pèn lwa 18 fevriye 2002 sou blanchi lajan an prevwa nan atik 4.2.1 ak sa ki vini apre yo sou blanchi lajan: **Moun**: twa (3) zan a kenz (15) an prizon ak yon amann de (2) milyon (2 000.000.00) a ven milyon (20.000.000.00) goud. Pèn sa a frape prensipal moun ki fè krim nan, reselè yo, konplis yo. **Tout moun ki eseye blanchi lajan sibi menm pèn yo.**
Moun pèn ak sanksyon sa yo konsène	Tout moun oubyen tout enstitisyon ki koupab poutèt yo blanchi pwodui krim nan.
Fason yo parèt pi souvan	Kreyasyon fo sosyete pou bwè lajan krim nan, fo fèmti, vant sanblan (tranzaksyon pou transfere pwodui krim nan soti nan yon byen ale nan yon lòt). Egzanp vivan: Yon avoka kreye yon **fo sosyete anonim** kote pwodui krim nan (lajan anba tab) yon espesyalis pasasyon mache (EPM) enstitisyon piblik resevwa sèvi kòm kontribisyon lajan kay nan kapital sosyal sosyete a. Espesyalis pasasyon mache sa a gen katreven dizwit pou san (98 %) aksyon sosyete a. Kounye a, lajan anba tab la soti nan byen espesyalis pasasyon mache a (EPM) ki yon moun, li antre nan byen sosyete.
Les acteurs qui entretiennent cette forme de corruption	Banques, compagnies d'assurance, agents et courtiers en assurance, établissements qui émettent ou gèrent des cartes de crédit, coopératives d'épargne et de crédit, agents de change, maisons de transfert, sociétés financières de développement.

SA POU NOU SONJE

Sa enpòtan pou nou sonje dispozisyon pou fè prevansyon blanchiman lajan atik 14 Konvansyon Nasyon Zini kont koripsyon prezante yo, sa vle di: "Kreye yon sistèm entèn règ konplè sou jan pou bank yo mache ak kontwòl bank ak enstitisyon finansye ki pa bank, ki valab ni pou moun, ni pou enstitisyon ki bay sèvis fòmèl oubyen enfòmèl nan domèn transfè lajan ak valè, menm pou lòt antite ki espoze nan kesyon blanchi lajan, si genyen, nan limit konpetans li, pou dekouraje tout fòm blanchi lajan epi pou detekte yo."

5. Pou konbat fòm delenkans finansye sa a, sa enpòtan pou yo ranfòse dispozisyon kontwòl ki la pou rann faz plasman lajan, sanble lajan ak entegrasyon lajan an pi difisil pou rann travay moun k ap blanchi lajan yo ki gaye nan tout domèn sosyal, ekonomik ak politik nan peyi a pi konplike.

Sa enpòtan pou nou souliye pratike prensip moral nan administrasyon piblik la, ata menm nan Repiblik la, ta

dwe nan lis dispozisyon yo.

7. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons pou chwa:

KOREKSYON AN GWOUP

a) Ki sa pwodui krim nan vle di?

b) Yon zak koripsyon.

c) Byen ak lajan ki soti nan yon zak lalwa kondane yon reprezantan Leta fè.

d) Byen moun ki fè yon zak koripsyon.

e) Ki moun blanchi pwodui krim nan konsène?

f) Moun ki fè zak koripsyon an.

g) Moun ki fè zak koripsyon an, operatè ekonomik lan, lòt moun ki fasilite blanchi pwodui krim nan.

h) Lòt moun ki fasilite blanchi krim nan (bank, avoka).

a) Ki prèv yon jij enstriksyon dwe reyini pou l voye yon moun al jije pou blanchi pwodui krim?

b) Moun nan bay sèvis pwofesyonèl

c) Moun nan itilize kont pèsonèl li pou l dezpoze pwodui krim yon achtè piblik fè.

d) Moun nan sèvi ak mwayen ki fo pou l fasilite moun ki fè yon zak koripsyon jistifye lajan li fè oubyen byen li.

e) Yon espè ki kreye yon ladrès jiridik ki fo (avoka, notè) ki fasilite moun ki fè yon zak koripsyon kache pwodui krim li genyen an.

f) Kilès ki prensipal viktim blanchi pwodui krim nan?

g) Leta.

a) Popilasyon ayisyèn nan.

b) Enstitisyon finansye ki ede blanchi pwodui krim nan.

7.2 Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik

1. Esplike kouman ladrès blanchi pwodui krim nan mache epi bay yon egzanp lajan yo blanchi.

2. Dapre ou, pou ki sa yo rele enfraksyon sa a blanchi pwodui krim nan? Èske enfraksyon sa a oblije mache ak yon zak koripsyon?

3. Ki sa ou pwopoze pou konbat enfraksyon sa a? Ki dispozisyon Leta dwe pran?

4. Kilès ki koupab poutèt yo blanchi pwodui krim nan?

5. Ki diferan sanksyon lalwa prevwa kont moun ki koupab poutèt yo blanchi pwodui krim nan?

6. Ki sa ki esplike enkapasite jij yo pou yo kondane moun ki patisipe nan blanchi pwodui krim nan?

7. Kilès ki kapab konplis oubyen reselè nan operasyon blanchi pwodui krim nan?

8.

CHAPITRE

4

DETOUNEN BYEN PIBLIK

((Atik 5.4 lwa 12 mas 2014 la sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon)

1. Definisyon

Detounen byen piblik se konpòtman yon moun ki gen otorite piblik oubyen ki reskonsab yon misyon sèvis piblik ki pran nan lajan piblik oubyen prive, dokiman legal, ak/ oubyen tit, oubyen lòt bagay ki sou kont li nan kad fonksyon li oubyen misyon li. Se kapab yon fonksyonè administrasyon piblik, yon kontab piblik, yon administratè, yon jij, yon chofè oubyen yon lòt ajan piblik. Detwui yon byen piblik se detounen li tou.

1. Sa lalwa di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini detounen byen piblik?

"Nenpòt moun ki detounen nenpòt byen ki pou Leta, ki pou yon kolektivite teritoryal, yon enstitisyon endepandan oubyen yon òganis otonòm pou li sèvi ak yo pou rezon ki diferan de sa yo te la pou yo fè yo, pou li sèvi ak yo pou afè pèsonèl li oubyen pou lòt moun, nenpòt moun ki ta resvwa yo kòm depo, pou jere yo oubyen pou lòt kòz poutèt fonksyon li, kondane pou li pran prizon, pou li renmèt byen li detounen an epi pou li peye yon amannn ki egal twa fwa valè byen li detounen an."

2. Rechèch tout eleman materyèl ak tout eleman moral enfraksyon an

2.1. Moun ki fè enfraksyon an

Nenpòt moun, nenpòt fonksyonè, nenpòt ofisye piblik, nenpòt ajan piblik administrasyon piblik nasyonal ki detounen nenpòt byen Leta pou yo sèvi ak yo pou rezon ki diferan de sa yo te la pou yo fè yo, pou sèvis pèsonèl yo oubyen pou sèvis yon lòt moun.

2.2. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche moun nan la e li parèt sou plizyè fòm:

a) Sa yo repwoche moun nan

Se yon zak koripsyon ki parèt:

- aksyon yon ajan piblik ki itilize byen yon antite nan Leta pou sèvis yo pa t la pou yo fè, ki bay yon moun kenbe yo, pou li jere yo oubyen pou nenpòt rezon akòz fonksyon li;

- detounman byen sa a pou lòt rezon pase sa li la pou l fè;

- detounman ki fèt an favè prensipal moun ki fè zak la oubyen yon lòt moun.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.4 lwa 12 mas 2014 la sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa ki byen klè. Yon moun ki sèvi yon fason ilegal ak yon byen yo ba l kenbe konnen gen pèn pou konpòtman l lan epi l ap sibi pèn lalwa prevwa yo.

1.1. Prèv moral: entansyon moun nan pou l fè enfraksyon an

Prezans eleman moral nan yon konpòtman yo prewoche konfime **entansyon moun nan ak volonte li pou l fè enfraksyon an.**

Prèv moral la konfime entansyon moun ki fè enfraksyon pou l detounen yon bagay ki gen valè, yon byen oubyen yon fon piblik oubyen prive, yon tit oubyen nenpòt lòt bagay ki gen valè yo renmèt li poutèt fonksyon li, an favè pwòp tèt li oubyen an favè yon lòt moun oubyen yon lòt antite, pou l pran ladan oubyen pou l sèvi ak li yon fason ilegal. Li parèt nan konpòtman sikolojik moun ki fè detounman byen piblik lwa 12 mas 2014 la pini
an espre. Enfraksyon sa a fèt ak tout entansyon li

4. *Radyografi atik 5.4 la*

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Twa (3) zan a nevan prizon, retou byen yo detounen an ak yon amann ki egal twa (3) fwa valè byen yo detounen an.[1]
Yon ajan piblik sèvi ak machin fonksyon li ak sa machin nan itilize	Yon ajan piblik sèvi ak machin fonksyon li ak sa machin nan itilize (gaz ak chofè) pou bagay pèsonèl. Yon ajan piblik, yon palmantè oubyen yon majistra itilize ekipman, gwo materyèl ministè Travo piblik, Transpò ak Kominikasyon (MTPTC) oubyen ministè Agrikilti, Resous natirèl ak Devlopman riral (MARNDR) pou konstriksyon bilding prive oubyen kòm cha pou virewon pwopagann kanpay elektoral li. Yon fonksyonè oubyen yon ajan piblik wete materyèl medikal, medikaman oubyen lòt bagay nan depo Lopital Jeneral pou l vann yo dirèkteman pou l mete lajan nan pòch li oubyen pou l fè yon moun kado. Yon antite nan Leta mete yon machin a dispozisyon yon fonksyonè pou l deplase nan kad fonksyon li (oditè pa egzanp). Li sèvi ak machin nan pou afè pèsonèl li (depoze timoun lekòl, nan kou dans; Mennen madanm li nan travay li epi al chache li nan fen jounen an, al regle afè fanmi an, eks.). Li pa sèvi ak machin nan pou bagay li te la pou l fè yo men pou afè pèsonèl li.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Plamantè, majistra, direktè jeneral, minis, fonksyonè piblik, tout konplis, tout benefisyè.
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Twa (3) zan a nevan prizon, retou byen yo detounen an ak yon amann ki egal twa (3) fwa valè byen yo detounen an.

[1] Ennan pou pi piti, senk an pou pi plis, si byen yo detounen yo pa depase venn senk mil goud (Atik 130 Kòd Penal)

Travo fòse pou yon tan si bagay yo detounen oubyen yo pran yo vo plis pase venn senk mil goud. (Atik 131, kòd penal)

Pèdi tout oubyen yon pati nan dwa atik 28 kòd penal la prevwa yo pandan twa zan pou pi piti, kenz an pou pi plis aprè li fini pije pèn nan oubyen dirè pèn nan echi. (Atik 132 kòd penal).

Yon amann maksimòn yon ka sa l ap retounen yo ak endamnite, ak yon minimum yon douzyèm. (Atik 133 kòd penal)

Sa enpòtan pou nou souliye atik 134 kòd penal la di:

“Nenpòt jij, administratè, fonksyonè oubyen ofisye piblik ki detwi ak ak tit li te reskonsab kenbe, yo te ren-mèt li oubyen yo te ba l gade, ki koupe ladan yo, ki pran ladan yo, ki detounen yo nan kad fonksyon li, ap fè travo fòse pandan yon tan kòm pinisyon.”

Tout ajan, tout prepoze oubyen tout reprezantan gouvènman an, oubyen ki gen byen piblik nan men yo ki koupab poutèt yo pran ladan yo menm jan an ap sibi menm pèn nan.”

SA POU NOU SONJE

Detounen byen piblik se youn nan zak koripsyon ki pi kouran ann Ayiti. Paske, nan kilti ayisyen, yo pa wè detounman yon byen Leta pou afè pèsonèl kòm yon fot. Fòk ta gen yon chanjman nan fason ayisyen panse pou fè yo konprann yo pa dwe detounen yon byen popilasyon a pou sèvis pèsonèl yon moun.

5 Egzèsis/Evalyasyon

2.3. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Ki sa detounman byen piblik vle di?

a) Itilize yon byen.

b) Itilize yon byen pou fè yon bagay li pa la pou l fè.

c) Itilize yon byen Leta yo ba w jere pou w fè yon travay espesyal nan aktivite pèsonèl.

2. Ki diferan moun zak koripsyon sa a konsène?

a) Fonksyonè oubyen gwo anplwaye fonksyon piblik.

b) Anplwaye kolektivite teritoryal oubyen òganis otonòm.

c) Anplwaye ki anba zòd moun pi wo yo.

3. Kilès ki prensipal viktim detounman byen piblik?

a. Enstitisyon Leta a, mèt byen piblik sa yo.

b. Moun ki sèvi ak byen piblik sa yo.

c. Moun ki peye taks ak enpo.

4. Chwazi siy ki fasilite w idantifye detounman byen piblik pa mwayen analiz sèten pitit gwo anplwaye fonksyon piblik la nan yon lekòl.

a. Ekonoma a pa janm mete non yo nan lis moun ki dwe.

b. Li pi byen abiye pase lòt timoun yo.

c. Li vin lekòl nan machin plak “Sèvis Leta”.

d. Chofè a kite è kondisyone a ap mache tout matine a epi li tann yo devan lekòl la.

5. Evalyasyon final: Kesyon /Repons. Ka pratik.

1. Ki sa detounman vle di? Ki sa byen piblik vle di? Ki sa detounman byen piblik vle di?

2. Èske detounman byen piblik se yon zak koripsyon lalwa pini? Si se vre, ki lwa ki pini enfraksyon sa a?

3. Ki diferan eleman ki nan detounman byen piblik la?

Ki pèn ki genyen pou moun ki fè enfraksyon sa a?

4. Yon fonksyonè Leta ki resevwa yon byen pou li jere nan kad fonksyon li, èske l kapab konsidere byen sa a kòm byen pèsonèl li?

5. Ki mwayen ki genyen pou yo pote plent nan tribinal penal si gen detounman byen piblik?

6. Èske ou konnen yon ka detounman byen piblik? Èske w panse ou viktim enfraksyon sa a pèsonèlman? Si repons ou se wi, ki sa ou konte fè kòm sitwayen ki gen sans reskonsablite?

CHAPIT

5

ABI FONKSYON



*(*Atik 5.5 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

2. Yon **avantaj yo pa dwe w** se tout òf, tout pwomès, tout don, tout kado oubyen nenpòt avantaj yon moun pa te dwe janm genyen nòmalman dapre règ ki la yo.
3. **Abi fonksyon** se konpòtman **yon ajan piblik ki esplwate fonksyon li oubyen pòs** li pou li kapab fè **yon bagay** oubyen pou li pa fè yon bagay nan kad fonksyon li **etan l ap vyole lalwa pou l jwenn yon avantaj yo pa dwe l** pou li oubyen pou yon lòt moun oubyen pou yon lòt antite.

1. **Sa lalwa di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini *abi fonksyon*?**

«Abi fonksyon se konpòtman yon ajan piblik ki esplwate fonksyon li oubyen pòs li, sa vle di pou l fè **yon bagay** nan kad fonksyon li **etan l ap vyole lalwa pou l jwenn yon avantaj yo pa dwe l** pou li oubyen pou yon lòt moun oubyen pou yon lòt antite.
Ajan piblik ki koupab poutèt li fè abi fonksyon kondane pou l pran prizon epi pou l peye yon amann de san mil (100.000.00) goud."

»

4. **Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon a*n***

4.1. Moun ki fè enfraksyon an yo

Nenpòt ajan piblik ki esplwate fonksyon li oubyen pòs li pou l jwenn avantaj yo pa dwe l pou tèt li oubyen pou yon lòt (moun oubyen enstitisyon).

4.2. ***Prèv* materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm**

Prèv materyèl la prezan e li konfime konpòtman yo repwoche a prezan, li parèt plizyè fason:

a) Sa yo repwoche l yo

- Ajan piblik la pa aji nan kad fonksyon li epi li itilize fonksyon li ak tout privilèj ki mache ak li pou lòt rezon ki pa nan sa li gen dwa fè pou l satisfè pwòp enterè li oubyen enterè moun ki konplis li yo.

- Ajan piblik la vyole plizyè lwa pou l jwenn avantaj yo pa dwe l.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an yo

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.5. Lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa byen klè.

4.3. ***Prèv* moral: entansyon pou moun nan fè enfraksyon an**

Prezans eleman moral la klè piske moun ki fè enfraksyon an aji ak fòs volonte li ak entansyon pou l fè enfraksyon an pou l bay tèt li oubyen yon lòt moun yon avantaj yo pa dwe l.

1. .

4. Radyografi atik 5.5.

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Tan prizon lalwa pa presize. Se jij penal la ki fè desizyon an. Amann de san mil (200.000.00) goud.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Ajan piblik.

Fason sa parèt pi souvan	Enstalasyon yon paran oubyen zanmi yon minis alatèt UCREF kòm direktè jeneral ki pa gen ni kalifikasyon ni esperyans pwofesyonèl sa mande pou okipe pòs la. Oryante lajan Leta pou finanse pwogram oubyen pwojè pou rezon politik. Fè abi nan itilize lokal piblik, mwayen transpò, ekipman (mèb oubyen lòt byen) yon enstitisyon piblik pou kanpay elektoral oubyen pou lòt objektif politik. Fè yon kanpay nan moman deplasman yon enstitisyon piblik finanse. Réalisation d'une campagne lors de déplacements financés par une institution publique.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Prezidan Repiblik la, palmantè, minis, ajan oubyen konseye Kou Siperyè dè kont ak kontansye administratif, ajan piblik, fonksyonè, direktè jeneral oubyen lòt kad Televizyon nasyonal, pami lòt.

SA POU NOU SONJE

Lwa 12 mas 2014 la prevwa prizon ak yon amann sèlman pou prensipal moun ki fè zak la, kit li benefisye, kit li pa benefisye avantaj yo pa dwe li zak la ba li.

.

5 Egzèsis/Evalyasyon

3.2 Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Siyale kilès ki kapab koupab poutèt yo fè abi fonksyon.

a) Tout pèsonalite politik, tout ajan piblik, tout fonksyonè, tout jij oubyen manm fòs piblik ki itilize fonksyon yo ak privilèj ki mache ak li pou yo jwenn avantaj yo pa dwe yo pou yomenm, pou yon lòt moun oubyen yon lòt antite.

b) Tout moun oubyen antite ki benefisye avantaj yo pa dwe li ak konplisite yon ajan piblik.

2. Abi fonksyon bezwen:

a) yon sèl aktè aktif.

b) youn oubyen plizyè aktè pasif

c) plizyè aktè aktif

3. Abi fonksyon prevwa pèn ak sanksyon kont:

a) Aktè prensipal la sèlman.

b) Koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

3.3 Evalyasyon final: Kesyon/Repons o chwa

1. Defini abi fonksyon. Ki pèn ak sanksyon ki rezève pou koupab yo?

2. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran yon seri dispozisyon reyèl pou anpeche moun fè abi fonksyon. Bay referans legal ki gen sou sa yo. Repwodui sa referans legal yo di.

3. Ki sa k ap rive konplis moun ki fè abi fonksyon yo? Èske yo kapab tradui yo lajistis epi pini yo?

4. Imajine yon ka abi fonksyon. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral . Presize konsekans yo.

CHAPITRE

6

BAY LAJAN ANBA TAB

*(*Atik 5.6 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

"**Konfiskasyon**" se pran byen yon moun pou tout tan selon yon tribinal oubyen yon otorite ki la pou sa.
"**Lajan anba tab**" **deziye kantite lajan yo bay** yon moun-yon fason ilegal-ki bay moun ki bay lajan an nenpòt avantaj.
Aksyon sa a lalwa kondane, li pini tou, parèt trè souvan sou fòm koripsyon elektoral, jidisyè, lekòl.

1. **Sa lwa a di : Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini bay lajan anba tab?**

«Tout fonksyonè, tout ajan piblik, oubyen tout reprezantan Leta ki mande lajan anba tab oubyen ki asepte lajan anba tab, sa vle di yon bagay ki gen valè oubyen nenpòt lòt byen yo ofri l pou l bay yon avantaj ilegal oubyen yo pa dwe moun nan nan kad fonksyon li, ap pran en (1) nan an a senk (5) an prizon ak yon amann ki reprezante twa fwa valè lajan oubyen valè bagay li resevwa a, anplis byen li oubyen valè lajan anba tab la y ap sezi pou Leta.
Moun ki bay lajan anba tab la, moun ki fè demach yo oubyen moun ki ta kapab fè demach yo oubyen konplis yo ap resevwa menm pèn ak moun ki benefisye li a."

. »

2. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

2.1. Moun ki fè enfraksyon an yo

Tout fonksyonè, tout ajan piblik oubyen tout reprezantan Leta ki resevwa yon lajan anba tab pou yo bay yon avantaj ilegal oubyen yo pa dwe moun.
Tout sitwayen ki vann yon vòt oubyen ki achte li pou lajan anba tab nan kad eleksyon.

2.2. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

Prezans prèv sa a konfime konpòtman yo repwoche a epi li parèt plizyè fason:

a) Sa yo repwoche yo

- Prezans lajan anba tab la;
- Vèsman lajan an ki fèt (kantite lajan oswa byen) fonksyonè a, ajan piblik la oubyen reprezantan Leta a mande oubyen li asepte pou l bay yon avantaj ilegal oubyen yo pa dwe moun ki benefisye l la.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.6 lwa 12 mas 2014 la sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon prevwa byen klè. Sa enpòtan pou nou siyale yo prevwa lòt konsekans ankò nan atik 84 Kòd penal la nan ka koripsyon nan eleksyon espesyalman.

2.3. Prèv moral: entnasyon pou moun nan fè enfraksyon an

Prèv moral la klè piske tout krim se yon bagay moun fè espre, sa konfime **entansyon koriptè a ak kowonpi a** pou yo fè krim sanble richès nan vyole lalwa a vre.

4. Radiographie de l'article 5.6

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Ant en (1) nan ak senk (5) an prizon ak yon amann ki egal twa fwa valè sa moun nan resevwa a. Konfiskasyon kantite lajan oubyen valè sa moun nan resevwa anba tab la an favè Leta. Nan ka koripsyon nan eleksyon, atik 84 Kòd penal la prevwa pou yo entèdi l jwi dwa politik li oubyen tout fonksyon oubyen tout travay piblik pandan senk (5) an pou pi piti, pandan dis (10) an pou pi plis ak yon amann ki reprezante doub fwa valè bagay li resevwa oubyen yo pwomèt li yo, piske se bagay sa yo ki reprezante lajan anba tab la.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Tout fonksyonè, tout ajan piblik oubyen tout reprezantan Leta ki mande lajan anba tab oubyen ki resevwa li, tout moun ki bay lajan anba tab, tout moun ki fè demach pou sa, tout konplis.

Fason sa parèt pi souvan	Yon moun ki reskonsab pasasyon mache asepte yon machin nan men yon moun ki aplike pou kontra a pou l ba li kontra a san konpetisyon etan li nui enterè Leta ak lòt kandida yo.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Palmantè, pèsonalite politik, fonksyonè, jij, pèsonèl lajistis, manm fòs piblik, konseye Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif

SA POU NOU SONJE

Sa enpòtan pou nou sonje tout zak koripsyon bezwen entèvansyon de aktè, yon koriptè, jeneralman prensipal moun ki fè krim nan, ak yon kowonpi ki jwe wòl konplis la souvan, ki kapab yon aktè aktif oubyen pasif.
Dapre atik 5.6 la, "moun ki fè demach yo oubyen ki ta konplis resevwa menm pèn ak moun ki benefisye zak la".

5 Egzèsis/Evalyasyon

5.1 Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon-Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Siyale kilès ki kapab koupab poutèt li bay lajan anba tab.

a. Palmantè, pèsonalite pollitik, ajan piblik, fonksynè, jij, konseye Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif, tout moun, tout enstitisyon ki nan dwa piblik oubyen prive.

b. Benefisyè lajan anba tab la (moun oubyen enstitisyon) ki genyen yon kontra nan kad mache piblik.

2. Bay lajan anba tab mande:

a) yon sèl aktè aktif.

b) yon aktè aktif ak youn ou plizyè aktè pasif.

c) de aktè aktif pou pi pitit.

3. **Gen pèn ak sanksyon pou moun ki bay lajan anba tab kont:**

a) Moun ki resevwa lajan anba tab la sèlman.

b) Koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

2.4. Evalyasyon final: Kesyon/Repons o chwa

1. Defini bay lajan anba tab. Ki pèn ak sanksyon ki rezève pou koupab yo?

2. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo prevwa pèn ak sanksyon pratik pou evite moun bay lajan anba tab. Bay referans legal la/yo. Repwodui sa lwa sa yo di la a.

3. Ki sa k ap tann moun ki fè demach pou bay lajan anba tab ak moun ki konplis yo? Èske yo kapab pousuiv yo tout epi yo kapab pini yo tout?

4. Imajine yon ka kote yo bay lajan anba tab. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou sa etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral . Bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPIT

7

PÈMAN KOMISYON ELEGAL

*(*Atik 5.7 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

"***Pèman komisyon ilegal***" se tout komisyon yon moun resevwa sou yon tranzaksyon li te gen reskonsablite pou l bay lòd peye pou rezon li fèt la, oubyen pou l te negosye kondisyon pou tranzaksyon an oubyen pou l te peye li nan kad fonksyon li.

2. Sa lalwa di: Kouman Lwa 12 mas 2014 l defini pèman komisyon ilegal?

.

Nenpòt fonksyonè, nenpòt ajan piblik oubyen nenpòt reprezantan Leta ki antann li oubyen ki asepte yon komisyon sou yon tranzaksyon li te reskonsab pou l òdone yo peye, pou l negosye kondisyon pou l fèt oubyen pou l te peye nan kad fonksyon li ap pran prizon epi l ap peye yon amann ki egal twa fwa valè li resevwa a anplis konfiskasyon valè lajan oubyen valè komisyon ilegal li resevwa a.
Moun ki peye komisyon ilegal la, moun ki kapab konplis yo resvwa menm pèn ak benefisyè a."

mêmes peines que le bénéficiaire. »

3. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

3.1. Moun ki fè enfraksyon an

Nenpòt fonksyonè, nenpòt ajan piblik oubyen reprezantan Leta ki dakò oubyen ki asepte yo peye l yon komisyon sou yon tranzaksyon li te reskonsab pou l bay lòd peye, pou l negosye kondisyon trazaksyon an oubyen pou l peye li nan kad fonksyon li**.**

3.2. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

a) Sa yo repwoche yo

Aksyon ki konfime konpòtman yo repwoche moun nan prezan e yo parèt plizyè fason:

- Komisyon fonksyonè a, ajan piblik la oubyen reprezantan Leta a pran oubyen li asepte a egziste;
- Benefisyè avantaj ilegal oubyen yo pa t dwe moun ki resevwa komisyon ilegal la prezan.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.7 lwa 12 mas 2014 la sou prevansyon koripsyon ak reprevansyon koripsyon esplike klè, espesyalman prizon ak yon amann ki egal twa fwa valè sa moun nan resevwa a ak konfiskasyon valè lajan komisyon ilegal la an favè Leta.

3.3. Prèv moral: entansyon pou moun nan fè enfraksyon an

Prèv sa a klè e konpòtman moun ki fè enfraksyon an konfime **entansyon li pou l fè tout sa ki posib pou l fè zak lalwa entèdi li fè a espre**. Sa montre volonte moun ki fè sa a ak entansyon li pou l vyole lalwa pou l jwenn komisyon ilegal la.

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Nenpòt fonksyonè, nenpòt ajan piblik oubyen reprezantan Leta ki dakò oubyen ki asepte yo peye yo yon komisyon sou yon tranzaksyon te te reskonsab pou yo bay lòd peye, pou yo negosye kondisyon trazaksyon an oubyen pou yo peye li nan kad fonksyon yo; nenpòt moun oubyen nenpòt enstitisyon ki peye yon komisyon ilegal
Fason sa parèt pi souvan	Komisyon yo peye direktè jeneral yon òganis otonòm ki bay lòd peye nan kad yon kontra pasasyon mache li bay yon entreprenè
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Prizon ak yon amann ki egal twa fwa valè sa moun nan resevwa a. Konfiskasyon kantite lajan li resevwa a oubyen valè komisyon ilegal la an an favè Leta. .

Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Parlementaires, personnalités politiques, agents publics, fonctionnaires, magistrats, personnel de l'appareil judiciaire, membres de la force publique, comptables publics, contrôleurs financiers, ministres, directeurs généraux, coordonnateurs de projet ou programme, directeurs financiers, administrateurs, responsables, techniciens et spécialistes de passation de marchés publics.

SA POU NOU SONJE

Sa enpòtan pou nou sonje tout zak koripsyon bezwen patisipasyon de aktè, yon koriptè ki prensipal moun ki fè krim nan jeneralman, ak yon kowonpi ki jwe wòl konplis la souvan, ki kapab yon aktè aktif ou pasif.
Selon atik 5.7 la, *"moun ki kapab konplis yo resevwa menm pèn ak benefisyè a".*

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Siyale kilès ki kapab koupab pou pèman komisyon ilegal:

a) Palmantè, pèsonalite politik, fonksyonè, jij, pèsonèl lajistis, manm fòs piblik, konseye Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif, tout moun, tout enstisyon dwa piblik ou prive.

b) Moun ki peye komisyon an ilegal la (moun oubyen enstitisyon).

2. Pèman komisyon ilegal mande:

a) yon sèl aktè aktif.

b) yon aktè aktif ak youn ou plizyè aktè pasif.

c) de aktè aktif pou pi piti.

3. Lalwa prevwa pèn ak sanksyon pou pèman komisyon ilegal kont:

a) moun ki peye komisyon ilegal la sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo.

3.4. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik

1. Defini pèman komisyon ilegal. Ki pèn ak sanksyon ki rezève pou koupab yo?

2.Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran dispozisyon pratik pou anpeche moun peye komisyon ilegal. Bay referans legal ki genyen sou sa yo. Repwodui sa yo di la a.

3. Ki sa k ap tann moun ki fè demach pou pèman komisyon ilegal ak konplis yo? Èske yo kapab pousuiv yo tout, pini yo tout?

4.Imajini yon ka pèman komisyon ilegal. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou sa etan w ap prezante eleman materyèl la ak eleman moral la. Bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPIT

8

GWOSI FAKTI

*(*Atik 5.8 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

2. Òganizasyon pou koperasyon ak devlopman ekonomik (OCDE/OKDE) defini fakti kòm *"yon dokiman kontab vandè a oubyen moun k ap bay sèvis la itilize pou l fè achtè a konnen detay pri machandiz li vann li yo, travay li fè pou li oubyen sèvis li ba li nan kad yon kontra."*

3. Pi ba a, nou prezante diferan fason yo prepare fakti pou fè diferans ant vrè fakti, fo fakti ak fakti ki fo an pati.

Chif reyèl ki jistifye *("vrè" fakti)* Lè sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo te reyalize epi yo koresponn ak kantite lajan fakti yo.	**Chif yo envante nèt** *(fakti "rèv")* *Lè pa gen okenn sèvis, okenn pwodui ki bay, ni okenn travay ki fèt pou lajan ki nan fakti a.* Nan **langaj enpo**, yo ka pale de **fakti rèv** si yo te prepare li san anyen pa t fèt, **fakti pou fè moun plezi** nan sitiyasyon kote travay yo bay fakti pou li a fèt men se pa moun ki fè li a ki bay fakti a.	*Chif yo reyèl epi yo jistifye*	
		Fakti yo gwosi (kalite oubyen kantite yo bay la pi piti pase pri yo mete nan fakti a)	

4 Sa lwa a di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini gwosi fakti?

"Nenpòt fonksyonè, nenpòt ajan piblik, oubyen reprezantan Leta ki fè fakti oubyen ki fè prepare yon fakti pou yon kantite lajan ki pi wo pase pri reyèl yon byen, yon sèvis y ap achte pou Leta oubyen pou yon antite nan administrasyon piblik nasyonal la, pou yon òganis otonòm oubyen pou yon kolektivite teritoryal koupab poutèt li gwosi fakti, l ap pran prizon epi l ap peye yon amann ant senkant mil (50.000.00) goud ak de san senkant mil (250.000.00) goud san wete anyen nan sanksyon regleman pasasyon mache piblik yo. Mete sou sa, y ap sezi kantite lajan oubyen valè lajan fakti yo gwosi a oubyen sa fakti yo gwosi a bay la pou Leta. Nenpòt moun ki fè demach pou gwosi fakti, nenpòt konplis gwosi fakti ap sibi menm pèn ak moun ki fè li a."

5 Rechèch materyèl ak eleman moral enfraksyon an

a) **Moun ki fè** enfraksyon an

Nenpòt fonksyonè, nenpòt ajan piblik oubyen reprezantan Leta ki prepare fakti oubyen ki fè prepare fakti.

b) Prèv materyèl: enfraksyon moun yo fè a menm

Sa ki konfime konpòtman yo repwoche a prezan, yo parèt plizyè fason:

a) Sa yo repwoche yo

- Prezans yon fakti ki gen yon chif ki pi wo pase kou reyèl yon byen oubyen yon sèvis y ap achte oubyen yo achte pou Leta oubyen pou yon antite nan administrasyon piblik nasyonal la, pou yon òganis otonòm oubyen pou yon kolektivite teritoryal.

- Ekriti ajan piblik (konplis, kowonpi) oubyen aktè piblik (kòdonatè, direktè pwojè, kontab piblik, direktè finansye, direktè administratif…) ki sètifye fakti tout moun ka wè yo gwosi a vre patisipe nan fè krim nan poutèt yo chanje done yo epi/oubyen yo inyore siy yo oubyen prèv yo volontèman.

- Avi ki di tout bagay kòrèk, apwobasyon, validasyon, anrejistreman ajan ògàn ki la pou fè suivi ak/oubyen kontwòl yo bay pou kòmanse (komisyon ministeryèl mache piblik, Inite pasasyon mache piblik, CNMP, CDMP, CSCCA) ki jwe yon wòl konplis ki pe pou fasilite krim nan fèt.

b) Konsekans final pou moun ki fè krim nan

Yo parèt byen klè nan pèn ak sanksyon atik 5.8 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an, ak nan atik 91.2 lwa ki fikse règ jeneral mache piblik ak konvansyon pou bay fè travay sèvis piblik prevwa yo. Anplis, atik 94 menm lwa a a prevwa sanksyon pou ajan piblik ki ta fè krim dapre dispozisyon alineya 1 ak 6 atik 93 menm lwa a.

3.1. **Prèv moral : entansyon pou fè enfraksyon an**

Prèv moral la klè piske tout krim soti nan entansyon. Depi yo kapab pwouve te gen fakti egzajere, sa konfime **entansyon koriptè a, prensipal moun ki bay Leta yon fakti egzajere volontèman oubyen ki mande yon operatè ekonomik** bay fakti pou yon seri chif ki pa koresponn ak reyalite a yon bò, ak entansyon konplis kowonpi yo ki prepare fakti mwatye fo volontèman selon dezi prensipal moun ki fè krim fakti egzajere ki fèt vre a.

4. Radiographie de l'article 5.8

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè krim nan	Twa (3) zan a nevan (9) prizon, amann san senkant mil (150.000) a de san senkant mil (250 000.00) goud, konfiskasyon kantite lajan fakti egzajere a, jan regleman sou mache piblik yo prevwa l la. Sanksyon kòm disiplin regleman sou sitiyasyon ajan piblik ki koupab la prevwa yo. Posiblite pou yo ranplase ajan an oubyen pou yo kanpe l sou travay li pou yon ti tan oubyen nèt ale nan kesyon suivi oubyen kontwòl mache piblik. Moun ki fè demach, prensipal moun ki fè krim nan ak konplis li ap gen menm pèn prizon ak amann. Wete nenpòt moun ki konn patisipe nan apèl dòf oubyen nenpòt moun ki gen yon mache nan kòmann piblik pou yon peryòd de (2) a twa (3) zan depi l te gwosi fakti.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Fonksyonè, ajan piblik, reprezantan Leta, palmantè ki fè fakti egzajere oubyen ki fè prepare fakti egzajere. Aktè aktif oubyen pasif, moun ki fè demach, konplis.
Fason sa parèt pi souvan	Achtè piblik egzije yon operatè piblik ki genyen yon mache gwosi pri y ap mete nan fakti yo. Ajan piblik yon antrepriz piblik bay yon ministè yon fakti ki pa koresponn ak travay li fè nan kad yon kontra antrepriz piblik sa a egzekite pou ministè sa a.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Moun ki reskonsab mache, reprezantan achtè piblik, moun ki bay lòd peye, minis, direktè jeneral, reskonsab pasasyon mache piblik, espesyalis oubyen teknisyen pasasyon mache piblik, anplwayè piblik, ajan piblik, kontab piblik, kontwolè fiansye, jij, uisye, lòt ankò. Operatè ekonomik

SA POU NOU SONJE

Ayiti ap viv ak yon pwoblèm gwosi fakti ki la tout tan. Li mache ak koripsyon jeneral k ap domine peyi a. Sa mennen moun k ap fè lwa yo fè l tounen yon enfraksyon penal dapre Lwa 9 me 2014 la. Dapre menm atik 5.8 la, moun ki mande gwosi fakti a se prensipal moun ki fè krim nan, epi moun ki asepte fè li a se konplis la.

Nou dwe toujou sonje konplis la toujou retounen lajan anplis yo ajoute sou fakti a bay moun ki mande l gwosi fakti a oubyen prensipal moun ki fè krim nan selon kondisyon yo pase antre yo, an jeneral, pa mwayen yon kès nwa.

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid : Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki krensipal moun ki fè krim gwosi fakti a?

a) Dènyè moun ki itilize prestasyon yo, sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo fè a.

b) Nenpòt achtè piblik, anplwayè piblik oubyen ajan piblik ki mande yon operatè ekonomik prepare yon fakti ki pi wo pase valè yo dwe a.

c) Operatè ekonnomik ki bay prestasyon yo, sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo.

2. Krim gwosi fakti a mande:

a) yon sèl aktè aktifi.

b) yon sèl aktè pasif.

c) yon aktè aktif;

d) yon aktè aktif ak yon aktè pasif.

e) youn oubyen plizyè aktè aktif ak youn oubyen plizyè aktè pasif.

f) youn oubyen anpil koriptè ak youn oubyen anpil kowonpi.

3. Krim gwosi fakti a resevwa pèn ak sanksyon kont:

a) prensipal moun ki fe krim nan sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon nivo patisipasyon yo.

c) moun ki fè demach la/yo, prensipal moun ki fè krim nan/yo ak konplis la/yo, koriptè a/yo ak konplis aktif ak pasif la/yo.

4. Ki moun ki kapab konplis yon Krim gwosi fakti?

a) Dènye moun ki itilize prestasyon yo, èvis yo, pwodui yo, ou travay yo fè yo.

b) Operatè ekonomik ki va bay prestasyon yo, sèvis yo, pwodui yo oubyen ki va fè travay yo.

c) Kontab piblik la, kontwolè finansye a.

d) Ajan ògàn kontwòl yo sitou (komisyon ministeryèl mache piblik, Inite pasasyon mache piblik (UPM), CNMP, CDMP, CSCCA.

e) Moun ki reskonsab mache piblik, reprezantan achtè piblik, moun ki bay lòd peye, minis, direktè jeneral, reskonsab pasasyon mache, espesyalis oubyen teknisyen pasasyon mache piblik, anplwayè piblik, ajan piblik.

5. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik.

1. Ki sa gwosi fakti ye? Fè diferans ant koriptè yo ak kowonpi yo ak presizyon sou wòl chak aktè.

2. Kilès ki kapab fè demach nan krim gwosi fakti a?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran tout dispozisyon pou evite moun fè krim gwosi fakti a. Siyale referans legal ki gen sou sa. Repwodui sa li/yo di la a.

4. Komisyon nasyonal mache piblik la se ògàn ki kontwole mache piblik yo. Kouman li kapab fè kontwòl li davans pou evite krim gwosi fakti a nan mache piblik yo?

5. Kontwòl Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif la se yon garanti pou depans piblik yo efikas epi pou yo byen sèvi ak lajan Leta. Lwa ki valab kounye a prevwa entèvansyon li dwe fè c. byen klè. Repwodui referans legal ak referans sou fason pou demach yo fèt, sa ki egzije pou l di si yon demach kòrèk nan kad mache piblik yo espesyalman.

6. Nan kesyon mache piblik, ant jij administratif la ak jij dwa jeneral la, kilès ki gen konpetans pou jije yon moun yo voye al jije pou krim gwosi fakti? Kilès ki kapab lanse yon aksyon devan lajistis?

7. Imajine yon ka gwosi fakti. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral yo. Bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPITRE

9

TRAFIK ENFLIYANS

((Atik 5.9 lwa sou 12 mas 2014 la sou prevansyon koripsyon ak represyon oripsyon)*)*

1. Definisyon

Diksyonè Lawous defini trafik enfliyans kòm : «*Fot nenpòt moun ki mande òf, pwomès, don oubyen kado oubyen ki asepte yo pou l esplwate enfliyans li pou l fè yon moun jwenn yon desizyon nan men otorite piblik (dekorasyon, favè, mache…»*

2 Sa lalwa di : Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini trafik enfliyans?

Nenpòt moun ki mande òf, pwomès, don oubyen kado oubyen ki asepte yo pou l esplwate enfliyans li pou l fè yon moun jwenn distenksyon, travay, mache oubyen nenpòt lòt desizyon favorab pou yon lòt moun nan men yon otorite oubyen yon administrasyon piblik ap resevwa yon pèn ant en (1) nan ak twa (3) zan prizon ak yon amann ant san senkant mil (150.000.00) goud ak de san senkant mil (250.000.00) goud epi y ap sezi kado li resevwa yo.

Moun ki fè demach la, konplis òf la, don yo oubyen pwomès la kondane pou li sibi menm pèn ak amann ak

prenpal moun ki fè fot la.»

Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

1.1. Moun ki fè enfraksyon an

Nenpòt moun ki pwopoze òf, pwomès, don oubyen kado oubyen ki mande yo pou l esplwate yon enfliyans reyèl oubyen yon enfliyans yo sipoze li genyen pou l fè yon moun jwenn distenksyon, travay, mache oubyen nenpòt lòt desizyon favorab pou yon lòt moun nan men yon otorite oubyen yon administrasyon piblik, nenpòt moun ki fè demach pou sa, konplis òf, don ak pwomès.

1.2. Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche moun nan parèt kon sa:

a) Sa yo repwoche yo

- Yon moun sèvi ak enfliyans li epi li rive fè yon ototrite piblik ba li nenpòt desizyon ekonomik oubyen pwofesyonèl an favè yon lòt;

- Yon moun mande òf, don oubyen pwomès oubyen li asepte yo pou l fè enfliyanse yon desizyon yon otorite piblik;

- Yon otorite piblik aji anba enfliyans yon moun pou l satisfè demann yon moun an favè yon lòt;

- Prezans yon benefisyè enfraksyon an ak konsta avantaj la (distenksyon, travay, mache oubyen lòt desizyon favorab).

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.9 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon prevwa byen klè.

1.3. Prèv moral : entansyon pou moun nan fè enfraksyon an

Prèv moral la klè : konpòtman moun ki fè enfraksyon an konfime **entansyon li pou l aji volontèman** epi pou l mennnen demach pou yon otorite piblik pran yon desizyon an favè yon lòt moun anba enfliyans yon moun, kowonpi a.

4. Radyografi atik 5.9 la

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	En (1) an a twa (3) zan prizon ak yon amann ant san senkant mil (150.000.00) a de san senkant mil(250.000.00) goud plis tout kado yo resevwa yo y ap sezi. Moun ki fè demach yo, konplis òf la, don yo oubyen pwomès yo kondane pou yo sibi menm pèn, menm sanksyon ak menm dispozisyon pou anpeche yo refè menm enfraksyon an.

Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Nenpòt moun
Fason yo parèt pi souvan	Prezidan Sena Repiblik la mande yon premye minis yo deziye anpil lajan ak pwomès plizyè pòs nan administrasyon piblik la, epi bò pa li li pwomèt li pou l enfliyanse lòt senatè pou l jwenn vòt favorab sena a. Direktè jeneral yon òganis otonòm asepte pwomès premye minis lan pou l nome li alatèt ministè ki sou tèt li a si direktè jeneral sa a sèvi ak enfliyans li pou l fè yo bay yon pwòch premye minis lan yon mache piblik òganis otonòm sa a lanse. .
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Moun ki reskonsab mache, reprezantan Achtè piblik, moun ki la pou bay lòd fè depans, minis, direktè jeneral, reskonsab pasasyon mache, espesyalis oubyen teknisyen pasasyon mache piblik, anplwayè piblik, ajan piblik. Operatè ekonomik,

SA POU NOU SONJE

Trafik enfliyans **: Trafik enfliyans se fòm koripsyon ki pi kouran ann Ayiti. Nan administrasyon piblik la, li parèt nan tout nivo. Yon moun ki nan pòt, yon resepsyonis, yon sekretè, yon manm konsèy elektoral pwovizwa oubyen pèmanan, yon manm biwo elektoral, yon uisye, yon grefye, yon jij, yon komisè gouvènman, yon direktè, yon minis, yon prezidan Repiblik, yon palmantè, oubyen lòt, kapab prensipal moun ki fè fot trafik enfliyans lan.**

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1Tès rapid : Koreksyon an gwoup-Kesyon/ Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal moun ki fè fot trafik enfliyans lan?

a. Benefisyè travay la oubyen mache a, sèvis yo, pwodui yo, oubyen prestasyon entelektyèl yo.

b. Nenpòt moun ki pwopoze òf, pwomès, don oubyen kado oubyen ki mande yo pou l esplwate yon enfliyans reyèl oubyen yo sipoze li genyen pou l fè yon moun jwenn distenksyon, travay, mache oubyen nenpòt lòt desizyon favorab pou yon lòt moun nan men yon otorite oubyen yon administrasyon piblik, nenpòt moun ki fè demach pou sa, konplis òf, don ak pwomès.

c. Kontab piblik oubyen kontwolè finansye enstitisyon ki anplwaye benefisyè fot trafik enfliyans lan.

2. Fot trafik enfliyans lan mande:

a) yon sèl aktè aktif.

b) de aktè pasif.

c) de aktè aktif.

3. Fot trafik enfliyans lan resevwa pèn, sanksyon ak dispozisyon prevansyon kont :

a) prensipal moun ki fè fot la sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

c) prensipal moun ki fè l la, benefisyè a, moun ki fè demach pou enfraksyon an ak konplis la/yo.

4. Kilès ki kapab konplis trafik enfliyans?

a. Ajan ògàn kontwòl avan kontra (komisyon ministeryèl mache piblik, inite pasasyon mache piblik (UPM), CNMP, CDMP, CSCCA).

b. Moun ki reskonsab mache, reprezantan Achtè piblik, moun ki la pou bay lòd pou peye, minis, direktè general, reskonsab pasasyon mache piblik, anplwayè piblik, ajan piblik.

5. **Evayasyon final Kesyon/Repons. Ka pratik**.

1. Kouman ou defini fot trafik enfliyans lan? Fè diferans ant koriptè ak kowonpi etan w ap presize aktè aktif ak aktè pasif nan enfraksyon sa a?

2. Kilès ki kapab fè demach pou yon trafik enfliyans?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran tout dispozisyon pou evite moun fè trafik enfliyans. Idantifye referans legal ki egziste sou sa. Repwodui sa yo di la a.

4. Imajine yon ka trafik eenfliyans. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral . Bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPIT

10

MOUN PA



*(*Atik 5.10 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an)

1. Definisyon

Diksyonè Lawous defini favoritisme (*moun pa*) kòm yon "*tandans pou fè yon moun favè ki pa chita sou prensip jistis oubyen ki pa legal*

Fot moun pa a se konpòtman yon moun ki bay yon lòt yon avantaj san okenn rezon valab pou sa. Avantaj yon moun bay tèt li pa antre nan kad moun pa. Moun ki benefisye avantaj ki kreye pwoblèm nan dwe yon lòt moun.

Nan kesyon mache piblik, se lè yon moun bay yon lòt oubyen eseye bay yon lòt yon avantaj sou yon ekip ki nan konpetisyon san rezon valab etan l ap vyole règ ak demach ki kontwole mache piblik ak konvansyon sou jan pou yo bay moun fè travay nan sèvis piblik. Se yon atak sou libète pou moun jwenn yon bagay ak sou prensip pou yo trete tout kandida yo menm jan an. Fot moun pa a se yon vyolasyon devwa ladwati.

.

a) An Frans, yo te kreye fot moun pa a espesyalman pou yo konbat koripsyon nan mache piblik epi pou fasilite Repibiblik la vin moral.

2. Sa lwa a di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini moun pa?

3. Nenpòt ajan piblik, nenpòt fonksyonè oubyen jij ki sèvi ak pozisyon li, ak konfyans yo fè l oubyen ak enfliyans li pou l bay yon avantaj yo pa dwe yon moun oubyen yon travay nan Leta, san respekte règ pou yo pran moun pou travay koupab poutèt li fè fot moun pa epi l ap pran ant en (1) nan ak twa (3) zan prizon plis entèdiksyon pou l okipe yon fonksyon nan administrasyon piblik nasyonal la pandan senk (5) an."

4. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an

4.1. Moun ki fè enfraksyon an yo

b) Nenpòt ajan piblik, nenpòt fonksyonè oubyen jij ki sèvi ak pozisyon li, ak konfyans yo fè l oubyen ak enfliyans li pou l bay yon avantaj yo pa dwe yon moun oubyen yon travay nan Leta, san respekte règ pou yo pran moun pou travay yo

.

b.1. Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche a prezan:

a) Sa yo repwoche yo

Nominasyon fonksyonè piblik san anons pou moun vin kandida ni respè règ rekritman ki la yo;

b) Previzyon yon avans swasant pou san (60 %) nan yon mache san respè atik 83 Lwa 10 jen 2009 sou mache piblik ak konvansyon sou jan yo bay kontra travay nan sèvis piblikConséquences finales pour les auteurs de l'infraction
b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon yo

Yo parèt nan pèn aksanksyon Lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa yo.

3.2 Prèv moral: entansyon pou fè enfraksyon an

Prèv sa a klè piske delenkan an sèvi ak mwayen ki disponib pou l reyalize entansyon li pou l bay yon avantaj yo pa dwe bay oubyen yon travay nan Leta, san respekte règ ki la yo ki valab. Zak moun nan fè yo repwoche li a konfime entansyon prensipal moun ki fè fot la pou l aji volontèman pou l favorize yon moun ki nan konkou a sou lòt yo.

4. Radyografi atik 5.9

Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon	En (1) an a twa (3) zan prizon ak entèdiksyon pou yo okipe yon fonksyon nan administrasyon piblik nasyonal la pandan senk (5) an.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Nenpòt ajan piblik, nenpòt fonksyonè oubyen nenpòt jij ki sèvi ak pozisyon yo, ak konfyans yo fè yo oubyen ak enfliyans yo pou yo bay yon moun yon avantaj yo pa dwe yo oubyen yon travay nan Leta san respekte règ rekritman ki la yo.
Fason enfraksyon sa a parèt pi souvan	Prezidan Repiblik la mande yon minis oubyen yon gwo anplwaye administrasyon piblik anplwaye yon pwòch li oubyen yon zanmi li nan yon pòs san respekte règ rekritman ki la yo. Yon otorite k ap bay kontra otorize yon moun k ap aplike pou kontra dwa pou l pa prezante garanti pou l aplike a oubyen garanti l ap fè travay la byen an oubyen li ba li yon avans san li pa egzije yon garanti davans.
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon	En (1) an a twa (3) zan prizon ak entèdiksyon pou yo okipe yon fonksyon nan administrasyon piblik nasyonal la pandan senk (5) an.

SA POU NOU SONJE

Chak moun reskonsab sa yo fè nan ka fot moun pa a. Nan kesyon mache piblik, yo pa ka akize tout manm yon komite evalyasyon òf, ni yo pa ka kondane yo tout pou yon fot moun pa. Chak moun ki patisipe nan enfraksyon an gen pou yo reponn pou reskonsablite pèsonèl yo. Yo kapab kase yon desizyon gwoup la pran si yo remake gen fot moun pa, men sa konsène reskonsablite moun ki koupab yo sèlman dapre prensip pèsonalite reskonsablite penal la ki egzije pou desizyon ki kreye konfli a tonbe sou moun ki fè enfraksyon an sèlman, olye li tonbe sou tout òganizasyon kolektif la otomatikman, jis poutèt yo te patisipe nan desizyon an.

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid: Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal moun ki fè fot moun pa a?

a) Benefisyè avantaj oubyen travay nan Leta li pa merite a.

b) Nenpòt ajan piblik, nenpòt fonksyonè oubyen jij ki sèvi ak pozisyon yo, ak konfyans yo fè yo oubyen ak enfliyans yo pou yo bay yon avantaj yo pa dwe, oubyen yon travay nan Leta, san respekte règ rekritman ki la yo.

c) Nenpòt ajan piblik, nenpòt fonksyonè oubyen jij ki siyen yon lèt referans pou yon pwòch k ap chache yon travay nan administrasyon piblik.

2. **Krim moun pa a mache ak**:

a) yon sèl aktè aktif.

b) de aktè aktif.

c) youn oubyen plizyè aktè aktif ak youn oubyen plizyè aktè pasif.

3. **Fot moun pa a prevwa pèn ak sanksyon kont**:

a) prensipal moun ki fè fot la sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

c) benefisyè rezilta fot sa a.

4. Kilès ki kapab konplis fot moun pa a?

a) benefisyè final fot la.

b) anplwayè ki gen otorite piblik.

c) Kontab piblik ak kontwolè finansye.

4.2. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik.

1. Defini espresyon moun pa.

2. Kilès ki kapab fè fot moun pa?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo prevwa yon seri dispoziyon pratik pou evite moun fè fot moun pa a. Bay referans legal sou sa. Repwodui sa li/yo di la a.

4. Nan kad mache piblik, ant jij administratif ak jij dwa jeneral, kilès ki gen konpetans pou jije yon moun yo voye al jije pou krim moun pa a? Kilès ki kapab lanse yon aksyon devan lajistis?

5. Imajine de ka fot moun pa, youn bay yon avantaj yo pa dwe moun, lòt la bay yon travay nan Leta. Prezante eleman materyèl ak eleman moral yo. Bay presizyon sou konsekans y

CHAPIT

11

FOT MOUN KI GEN PRIVILÈJ JWENN ENFÒMASYON

*(*Atik 5.11 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represión koripsyon)*)*

1. Definisyon

2. Fot moun ki esplwate enfòmasyon se fot moun ki itilize enfòmasyon li gen privilèj jwenn yon fason ilegal. Se lè yon moun kenbe enfòmasyon li gen privilèj genyen nan kad fonksyon li sou yon operasyon finansye oubyen sou yon mache epi li itilize li pou l fè yon seri operasyon nan avantaaj pèsonèl li oubyen nan avantaj yon lòt moun avan enfòmasyon sa a vin piblik.

.

3. Sa lwa a di: Kouman lwa 12 mas 2014 la defini fot moun ki itilize enfòmasyon li genyen nan kad fonksyon li yon fason ilegal?

4. Nenpòt moun ki va sèvi ak enfòmasyon ki rezève oubyen li gen privilèj jwenn nan kad fonksyon li epi ki konsène pasasyon mache piblik oubyen fason yon mache lalwa kontwole ta dwe evolye koupab poutèt li fè fot moun ki gen enfòmasyon epi l ap sibi yon pèn ant en (1) an edmi ak senk (5) an prizon kòm pinisyon plis yon amann senk san mil (500.000.00) goud, san wete anyen nan domaj ak enterè ki posib yo."

a) Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral fot moun ki esplwate enfòmasyon li genyen nan kad fonksyon li an.

a.1. Moun ki fè enfraksyon an yo

Nenpòt moun ki sèvi ak enfòmasyon ki rezève oubyen li gen privilèj jwenn nan kad fonksyon li e ki konsène yon pasasyon mache piblik oubyen posiblite devlopman yon mache piblik lalwa kontwole pou avantaj pèsonèl oubyen an favè yon lòt moun.

a.2. Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche a prezan epi li parèt plizyè fason:

a) Sa yo repwoche yo

- Egzistans yon enfòmasyon ki rezève oubyen moun nan gen privilèj genyen sou yon pasasyon mache piblik oubyen sou posiblite pou yon mache lalwa kontwole evolye;

- Yon moun genyen enfòmasyon sa a nan kad fonksyon li epi li sèvi avèk li nan avantaj pèsonèl li oubyen an favè yon lòt moun;

- Direkteman oubyen endirèkteman, pa mwayen entèmedyè, moun fè plizyè operasyon oubyen yo fasilite moun fè plizyè operasyon ki ba yo done yo va itilize pou yo siyen yon kontra avan piblik la gen done sa yo nan kad pasasyon yon mache piblik pa egzanp.

a) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an yo

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.11 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa byen klè.

4.1. Prèv moral: entansyon pou fè enfraksyon an

Prèv moral la parèt nan zak moun ki fè enfraksyon an fè volontèman lè li sèvi ak yon enfòmasyon li te gen privilèj genyen nan yon moman piblik la pa t gen konesans sou li menm, konsènan yon dosye ki pral itilize nan apèl d òf pa egzanp.

4. Radyografi atik 5.11 lan	
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	En (1) nan a senk (5) an prizon, senk san mil (500.000.00) goud amann, posiblite domaj ak enterè. .

Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Nenpòt moun yo rekonèt ki koupab poutèt li sèvi ak enfòmasyon ki rezève oubyen li te gen privilèj jwenn nan avantaj pèsonèl li oubyen an favè yon lòt moun avan piblik la te konnen enfòmasyon an ki konsène pasasyon mache piblik oubyen posiblite evolisyon yon mache lalwa kontwole.

Fason sa parèt pi souvan	Yon direktè general yon enstitisyon piblik mete enfòmasyon li gen pribvilèj jwenn sou yon mache enstitisyon sa a pral siyen a dispozisyon yon zanmi avan menm avi jeneral òf la pibliye pou zanmi sa a kapab gen tan prepare òf li davans anvan lòt moun ki nan konpetisyon yo.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Nenpòt moun nan yon enstitisyon ki kapab genyen privilèj jwenn enfòmasyon, kòm pwofesyonèl, sou pasasyon mache piblik oubyen sou posiblite evolisyon yon mache lalwa kontwole ak sou lòt moun ki ka benefisyè.

SA POU NOU SONJE

Atik 5.11 lan pa abòde konplisite nan reyalizasyon krim moun ki itilize enfòmasyon yo genyen nan kad fonksyon yo nan avantaj pèsonèl yo oubyen an favè lòt moun, ni li pa prevwa pèn pou moun ki ta kapab konplis.

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid: Koreksyon an gwoup. Kesyon/repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal moun ki fè fot itilize enfòmasyon yo gen privilèj genyen nan kad fonksyon yo?

a. Moun ki gen yon konesans mistik.

b. Nenpòt moun ki itilize enfòmasyon rezève oubyen li gen privilèj jwenn nan kad fonksyon li sou pasasyon mache piblik oubyen sou posiblite evolisyon yon mache lalwa kontwole nan avantaj pèsonèl li oubyen an favè yon lòt moun.

c. Nenpòt ki genyen yon mache piblik ki gen tach nenpòt fòm koripsyon.

2. **Fot itilizasyon enfòmasyon moun genyen nan kad fonksyon yo nan avantaj pèsonèl yo oubyen an favè lòt moun prevwa pèn ak sanksyon kont**:

a. prensipal moun ki fè fot la sèlman.

b. moun ki reskonsab mache a ki siyen mache piblik la sou non otorite ki bay kontra a.

c. konplis yo, kit yo benefisye enfraksyon an, kit yo pa benefisye li.

3. **Fot itilizasyon enfòmasyon nan avantaj pèsonèl oubyen an favè lòt moun nan mande**:

a. yon aktè prensipal aktif.

b. konplisisite CNMP.

c. konplisite CSCCA.

4.2. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik

1. Defini fot itilizasyon enfòmasyon rezève a. Ki pèn ak sanksyon k ap tann koupab la?

2. Ki sò konplis fot itilizasyon enfòmasyon rezève a? Èske yo kapab pouswiv yo? Èske yo kapab pini yo?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran anpil dispozisyon pratik pou evite fot itilizasyon enfòmasyon rezève yo. Bay referans legal ki egziste sou sa. Repwodui sa yo di la a.

4. Avan piblikasyon avi jeneral apèl d òf yon mache travay konstriksyon 20 lekòl, yon minis ki pou bay lòd peye bay pitit li ki pwopriyetè yon fim konstriksyon enfòmasyon kle. Gras a enfòmasyon mesye a jwenn nan men papa li, li gen tan prepare li avan lòt kandida yo e li rive genyen mache a. Idantifye enfraksyon li fè a etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral la. Epi di kilès ki fè enfraksyon an ak konsekans ki mache ak sa.

CHAPIT

12

PASASYON ILEGAL MACHE PIBLIK



(Atik 5.12 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon)

1. Definisyon

2. Pasasyon ilegal mache se pa respekte règ sou pasasyon mache piblik volontèman lè y ap bay moun mache a, lè y ap apwouve li, lè y ap bay rezilta oubyen lè y ap egzekite li.

3. Sa lalwa di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini pasasyon ilegal mache piblik?

4. "Nenpòt moun ki bay yon mache piblik, ki apwouve li, ki bay rezilta li oubyen ki egzekite li epi ki vyole lwa ki genyen sou pasasyon mache piblik volontèman resevwa pèn prizon san wete anyen nan sanksyon atik 91 a 94 lwa ki fikse règ jeneral sou mache piblik ak konvansyon sou jan yo bay moun travay sèvis piblik la."

5 Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral pasasyon ilegal mache piblik

3.1 Moun ki fè enfraksyon an yo

Nenpòt moun ki bay yon mache piblik, ki apwouve li, ki bay rezilta li oubyen ki egzekite li etan l ap vyole règ pasasyon mache piblik.

4.1. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

a) Sa yo repwoche yo

- Moun ki reskonsab mache a bay li, li bay rezilta li etan li vyole règ pasasyon mache piblik yo.
- Jwenn avi favorab CSCCA ak validasyon otorite kontwòl yo (CNMP, CDMP).

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an yo

c) Konsekans final yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.12 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon ak nan atik 91 a 94 lwa 10 jen 2009 ki fikse règ jeneral sou mache piblik ak konvansyon sou jan yo bay fè travay sèvis piblik.

a) Prèv moral: entansyon moun nan pou l fè enfraksyon an

d) Prèv moral la parèt nan entansyon koriptè a, kowonpi a ak moun ki kapab konplis yo pou yo vyole règ sou pasasyon mache piblik yo volontèman.

5. Egzèsis/Evalyasyon

5.1. Tès rapid: Koreksyon kolektif-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal reskonsab pasasyon ilegal mache piblik?

a) yon otorite ki bay kontra ki bay rezilta yon mache prestasyon sèvis, travay entelektyèl, pwodui oubyen travay san konnen règ ki gen sou sa.

b) nenpòt moun ki bay yon mache piblik, ki apwouve li, ki bay rezilta li oubyen ki egzekite li etan li vyole règ pasasyon mache ki la esprè.

c) yon operatè ekonomik ki egzekite yon mache piblik pou sèvis pwodui oubyen travay etan li vyole lwa 10 jen 2009 ki fikse règ jeneral mache piblik yo.

2. Pasasyon ilegal mache piblik mache ak:

a) yon sèl aktè aktif;

b) yon sèl aktè pasif;

c) de aktè pasif.

3. Pasasyon ilegal mache piblik resevwa pèn ak sanksyon kont:

a) prensipal moun ki fè l la sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon nivo patisipasyon yo.

c) konplis yo, kit yo benefisye enfraksyon an, kit yo pa benefisye li.

4. Kilès ki kapab konplis pasasyon ilegal mache piblik?

a) dènye moun ki itilize sèvis y ap bay yo, pwodui yo, oubyen travay yo.

b) yon operatè ekonomik ki pral bay prestasyon sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo.

c) ajan ògàn ki la pou fè kontwòl avan yo bay mache a (komisyon ministeryèl mache piblik, inite pasasyon mche, (UPM), CNMP, CDMP, CSCCA).

d) moun ki reskonsab mache, reprezantan Achtè piblik, moun ki bay lòd pou yo peye, minis, direktè jeneral, reskonsab pasasyon mache, espesyalis oubyen teknisyen pasasyon mache piblik, anplwayè piblik, ajan piblik.

4.2. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik.

1. Ki sa pasasyon ilegal mache piblik ye?

2. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran tout dispozisyon pou evite pasasyon ilegal mache piblik. Bay kèk ladan yo. Repwodui sa yo di la a.

3. Komisyon nasyonal mache piblik (CNMP) se ògàn ki la pou kontwole mache piblik. Kouman li kapab fè entèvansyon li pou anpeche pasasyon ilegal mache piblik?

4. Kontwòl CSCCA a se yon garanti pou depans piblik yo efikas epi pou yo byen sèvi ak lajn Leta. Kòman CSCCA kapab ede yo evite sèten ka pasasyon ilegal mache piblik?

5. Imajine yon ka pasasyon mache piblik. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li ak prezantasyon eleman materyèl ak eleman moral. Epi bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPIT

13

PRAN ENTERÈ ILEGAL



*(*Atik 5.13 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

2. **Pran enterè ilegal** se lè yon moun ki gen yon otorite piblik resevwa yon enterè, pran yon enterè, konsève yon enterè pou li oubyen pou yon lòt moun nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon li la pou l siveye nan moman li fè zak la.

1. Sa lwa a di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini pran enterè ilegal?

2. Yon moun ki genyen otorite piblik oubyen ki gen yon misyon sèvis piblik oubyen yon moun ki gen yon manda yo ba li nan eleksyon ki pran nenpòt enterè, ki resevwa nenpòt enterè oubyen ki konsève yon pati ladan oubyen tout nèt, dirèkteman oubyen endirèkteman, nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon li reskonsab siveye, administre, likide oubyen peye, nan moman zak la fèt la, ap pran prizon kòm pèn ak yon amann san senkant mil (150.000.00) a de san senkant mil (250.000.00) goud.

1. Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral pran enterè ilegal

1.1. Moun ki fè enfraksyon an

Nenpòt moun ki gen otorite piblik oubyen ki reskonsab yon misyon sèvis piblik oubyen yon moun yo bay yon manda piblik nan eleksyon (palmantè, majistra, prezidan Repiblik...) ki pran nenpòt enterè, ki resevwa nenpòt enterè oubyen ki konsève yon pati ladan oubyen tout nèt, dirèkteman oubyen endirèkteman, nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon li reskonsab siveye, administre, likide oubyen peye nan moman zak la fèt la.

2.1. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche a parèt nan prezans reyalite sa yo:

a) Sa yo repwoche yo

- Moun ki fè enfraksyon an pran nenpòt enterè, li resevwa li oubyen li konsève li, dirèkteman oubyen endirèkteman, nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon ki te sou reskonsablite pwofesyonèl li nan kad fonksyon li ki ba li lis devwa ki nan atik 5.13 ki pale de sa a.

- Konsta konfizyon ant fonksyon siveyan ak moun y ap siveye, ant administrasyon ak sa y ap administre.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an yo

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 5.13 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa byen klè.

Yo parèt nan atik 91.2 lwa 10 jen 2010 la ki fikse règ jeneral sou mache piblik ak konvansyon pou bay moun fè travay sèvis piblik. Mete sou sa, atik 94 menm lwa sa a prevwa sanksyon pou ajan piblik ki ta fè enfraksyon pran enterè ilegal la.

Sa enpòtan pou nou souliye atik 93 menm lwa sa a fè lis ka *"ajan otorite k ap bay kontra yo di ki vyole dispozisyon sou fonksyònman mache piblik yo"* epi alineya 2 a presize *"lè yo fè entèvansyon yo nan nenpòt etap nan demach bay yon mache oubyen yon konvansyon pou yon antrepriz fè travay sèvis piblik kote yo pran yon enterè oubyen yo konsève yon enterè."*

1.1. Prèv moral: entansyon pou fè enfraksyon an

2.Prèv moral la klè piske tout krim chita sou entansyon, sa konfime entansyon **moun ki fè enfraksyon an** ki pran yon enterè, ki resevwa yon enterè oubyen ki konsève li ak tout konviksyon li nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon li reskonsab pou l asire siveyans li oubyen administrasyon li nan moman zak la fèt la.

4. Radyografi atik 5.13 la	
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Prizon. Ant san senkant mil (150.000.00) ak de san mil (200.000.00) goud amann. Sanksyon disiplin selon regleman ajan piblik ki koupab yo. Posiblite pou yo ranplase l oubyen pou yo wete l nan travay suivi oubyen kontwòl mache piblik yo pou yon tan oubyen nèt ale
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Moun ki gen otorite piblik. Moun ki reskonsab misyon sèvis piblik. Moun ki gen yon manda yo pran nan eleksyon piblik **(prezidan Repiblik, palmantè, majistra, gason kou fi**…)
Fason yo parèt pi souvan	Yon minis siyen yon mache travay ak yon antrepriz kote li genyen yon patisipasyon. Yon palmantè genyen aksyon nan yon antrepriz lokasyon machin yo lwe ministè yo, palman ayisyen an ak lòt enstitisyon piblik regilyèman. Yon kontab piblik resevwa komisyon li sou yon mache acha pwodui yon otorite ki bay kontra siyen ak yon antrepriz kote madanm li gen aksyon.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Prezidan Repiblik, minis, direktè jeneral, palmantè, majistra/gason kou fi, ajan piblik.

SA POU NOU SONJE

Atik 5.13 la pa abòde konplisite nan reyalizasyon krim pran enterè ilegal la ni li pa prevwa pèn pou moun ki ta kapab konplis

3. Egzèsis/Evayasyon

3.1. Tès rapid. Koreksyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Kilès ki prensipal moun ki fè enfraksyon pran enterè ilegal la?

a) Nenpòt jeran oubyen dirijan yon antrepriz komèsyal.

b) Nenpòt moun ki gen otorite piblik oubyen ki reskonsab yon misyon sèvis piblik oubyen yon moun yo bay yon manda piblik nan eleksyon (palmantè, majistra, prezidan Repiblik…) ki pran nenpòt enterè, ki resevwa

nenpòt enterè oubyen ki konsève yon pati ladan oubyen tout nèt, dirèkteman **oubyen** endirèkteman, nan yon antrepriz oubyen nan yon operasyon li reskonsab siveye, administre, likide oubyen peye nan moman zak la fèt la.

2. Pran enterè ilegal mache ak:

a) yon sèl aktè aktif.

b) yon sèl aktè pasif.

c) de aktè aktif.

3. Pran enterè ilegal prevwa pèn ak sanksyon kont:

a) prensipal moun ki fè l la sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

c) moun ki fè demach la/yo, prensipal moun ki fè li a/yo ak konplis la/yo, koriptè ak kowonpi aktif ak pasif.

a) Kilès ki kapab konplis yon krim pran enterè ilegal?

b) Dènye moun ki itilize prestasyon yo, sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo fè yo.

c) Yon operatè ekonomik ki pral bay pestasyon yo, sèvis yo, pwodui yo oubyen travay yo.

d) Yon kontab piblik, kontwolè finansye a

e) Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik.

f) Defini pran enterè ilegal? Ki pèn ak sanksyon ki rezève pou koupab la?

g) Ki kondisyon ki dwe reyini pou yo prezante eleman materyèl krim pran enterè ilegal la?

h) Moun ki fè lwa ann Ayiti yo pran dispozisyon reyèl pou evite krim pran enterè ilegal la. Bay referans legal la/yo. Repwodui sa li/yo di la a.

i) Imajine yon ka kote yo pran enterè ilegal. Espoze sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral la. Bay presizyon sou konsekans yo.

CHAPIT

14

ABI BYEN SOSYAL



(Atik 5.14 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon.

1. Definisyon

2. Selon Konvansyon entèmariken kont koripsyon (CICC/KEKK), mo **byen** deziye *"tout sa moun genyen an jeneral, byen ki ka deplase oubyen ki fiks, byen moun kapab manyen oubyen yo pa kapab manyen, ak dokiman legal oubyen zouti legal ki sètifye gen pwopriyete, oubyen ki la pou sètifye gen pwopriyete oubyen ki trete pwoblèm pwopriyete ak lòt dwa sou sa moun genyen".*

3. Gen abi byen sosyal lè yon jeran oubyen yon dirijan yon enstitisyon piblik oubyen prive pran byen yo ka deplase ak sa ki fiks, lajan ak dèt moun gen pou enstitisyon an pou li san lalwa pa ba li dwa pou sa.

1. Sa lwa a di : Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini abi byen sosyal?

« "Nenpòt dirijan yon sosyete komèsyal oubyen yon antrepriz prive kote Leta gen patisipasyon, oubyen nenpòt dirijan yon òganzisyon non gouvènmantal (ONG), yon fondasyon oubyen yon koperativ ki benefisye don ak sibvansyon piblik oubyen franchiz ladwann, ki sèvi ak byen sosyete sa a, antrepriz sa a, ONG sa a, fondasyon sa a oubyen koperativ sa a pou yon bagay ki kontrè ak enterè enstitisyon an, pou bagay pèsonèl li oubyen pou favorize yon lòt moun dirèkteman ou endirèkteman, koupab kòm moun ki fè abi byen sosyal.

Nenpòt moun ki koupab poutèt li fè abi byen sosyal ap pran prizon epi l ap peye yon amann ki egal oubyen ki twa fwa valè byen li mal itilize a kòm pinisyon, san wete anyen nan domaj-enterè yo."

5 Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral abi byen sosyal.

5.2 Moun ki fè enfraksyon an

Nenpòt dirijan yon sosyete komèsyal oubyen yon antrepriz prive kote Leta gen patisipasyon, oubyen nenpòt dirijan yon òganzisyon non gouvènmantal (ONG), yon fondasyon oubyen yon koperativ ki benefisye don ak sibvansyon piblik oubyen franchiz ladwann, ki sèvi ak byen sosyete sa a, antrepriz sa a, ONG sa a, fondasyon oubyen koperativ sa a pou yon bagay ki kontrè ak enterè enstitisyon an, pou bagay pèsonèl li oubyen pou favorize yon lòt moun**.**

3.1. Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

4. Abi byen sosyal parèt nan zak pratik moun fè:

a) Sa yo repwoche yo

- Itilizasyon byen enstitisyon pi wo yo pou bagay ki kontrè ak sa yo te la pou yo fè.
- Itilizasyon byen yo yon fason pèsonèl oubyen an favè yon lèt moun.

a) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

b) Yo parèt nan pèn ak sanksyon lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon an prevwa yo.

Prèv moral: entansyon pou moun fè enfraksyon an

Prèv sa a klè piske moun ki fè fot la aji ak tout refleksyon yo, ak tout konesans yo.
Yo aji ak tout tout libète yo e yo te gen volonte pou yo fè zak yo repwoche yo a

4. Radyografi atik 5.14 la	
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Prizon (twa (3) a nevan prizon) ak yon amann ki egal oubyen ki twa fwa valè byen li mal itilize yo. Tèks la pa prevwa sanksyon pou konplis jan lòt atik fè sa. Men, dapre prensip, konplis la sibi menm pèn ak prensipal moun ki fè zak la. Sa depann de desizyon jij la.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Des dirigeants de société commerciale, des dirigeants d'entreprise privée dans laquelle l'État a des participations, des dirigeants d'organisation non gouverne-mentale (ONG), de fondation ou de coopérative bénéficiant de dons ou de subven- tions publiques ou de franchises douanières.

Fason sa parèt pi souvan	Yon direktè general EDH itilize ekipman konpayi a, materyo li ak teknisyen li (poto elektrik, kab, transfòmatè, machin, gaz, eks.) pou fè enstalasyon elektrik gratis sou yon pwopriyete prive **yon zanmi ki regwoupe plizyè rezidans prive**. Dirijan yon ONG itilize yon machin òganizasyon an pou l fè livrezon nan magazen li pou l vann pwodui alimantè an detay. ONG a te resevwa sa yo kòm kado pou l distribye bay moun afè pa bon ki abite byen lwen nan peyi a. Yon direktè general yon konpayi telekominikasyon kote Leta gen yon patisipasyon pran nan lajan sosyete a pou l batik ay li oubyen pou l pran swen yon madanm deyò. Yon direktè general yon izin siman kote Leta gen yon patisipasyon itilize siman yo pou konstriksyon otèl prive li. Yon direktè general yon ONG ki benefisye sibvansyon Leta vann byen ONG a pou l rich.
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Prezidan Repiblik la, minis, direktè general, kontab piblik, kontwolè finansye, entèvenan Kou siperyè dè kont ak kontansye administratif, palmantè, entèvenan ministè Planifikasyon, entèvenan ministè Afè Sosyal.

Enfraksyon sa a espoze moun ki mansyone pi wo yo nan atik 4.14 la pou yo fè gwo pèd. Sa enpòtan pou nou souliye yon senp anplwaye pa ka fè yon abi byen sosyal paske li pa yon jeran ni yon dirijan antrepriz la oubyen enstitisyon sa konsène a.

Nan ka abi yon machin fonksyon oubyen lòt bagay yo mete a dispoisyon yon anplwaye selon pòs li okipe a, li kapab koupab poutèt li fè abi konfyans, yon fot kòd penal la pini

5. Egzèsis/Evalyasyon

1.1 Tès rapid: koreksyon an gwoup. Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Ki **sa byen sosyal vle di pou ou?**

a) Se yon byen ki pou Leta.

b) Se yon byen ki pou yon sosyete komèsyal.

c) Se yon byen ki pou yon òganis otonòm.

d) Se yon byen ki pou yon koperativ.

2. Kilès ki fè abi byen sosyal?

a) Dirijan sosyete komèsyal.

b) Dirijan sosyete komèsyal kote Leta gen patisipasyon.

c) Dirijan yon ONG.

d) Dirijan yon ONG ki gen franchiz ladwann

.

3. Ki sanksyon penal ki la pou dirijan yo rekonèt ki koupab poutèt li fè abi byen sosyal?

a) Revokasyon.

b) Yon pèn twa (3) a nevan prizon.

c) Piblikasyon non l nan jounal kòm yon moun yo doute li moral.

5.1. **Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik**.

6. Èske sèvi ak byen Leta pou bagay pèsonèl se yon abi byen sosyal?

7. Ki sa ki nesesè pou gen abi byen sosyal?

8. Ki sanksyon ki genyen pou moun ki fè abi byen sosyal? Bay presizyon sou konsekans ki genyen pou viktim nan.

9. Èske tout sosyete prive kapab viktim abi sosyal nan nivo penal? Jistifye repons ou an.

10. Gadyen ki itilize byen yon ONG Leta sibvansyone, èske yo kapab akize li nan nivo penal pou abi byen sosyal? Jistifye repons ou an.

CHAPIT

15

KORIPSYON AJAN PIBLIK ETRANJE AK FONKSYONÈ ÒGANIZASYON ENTÈNASYONAL PIBLIK

(Atik 6 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripsyon*)*

1. Definisyon

2. Konvansyon Nasyon Zini kont koripsyon an deziye ajan piblik kòm *"nenpòt moun ki gen yon manda lejislatif, egzekitif, administratif oubyen jidisyè yon peyi etranje, kit yo te nonmen li oubyen yo te chwazi l nan eleksyon; epi nenpòt moun ki egzèse yon fonksyon piblik pou yon peyi etranje, ata pou yon òganis piblik oubyen yon antrepriz piblik."*

3. Menm konvansyon an defini yon fonksyonè entènasyonal piblik kòm*: "yon fonksyonè entènasyonal oubyen nenpòt moun yon òganizasyon entènasyonal otorize aji nan non li".*
4. Yo defini koripsyon ajan piblik etranje kon sa nan atik 1 Konvansyon OCDE a:

5. "Sa nenpòt moun fè espre lè li ofri yon ajan piblik etranje yon avantaj ekonomik yo pa dwe l, lè li

6. pwomèt li li, oubyen lè li ba *li li dirèkteman, oubyen pa mwayen yon entèmedyè, pou li pèsonèlman, oubyen pou yon lòt moun, pou ajan sa a aji oubyen pou l pa aji nan egzekisyon fonksyon ofisyèl li, pou l ka jwenn yon mache oubyen pou l konsève yon mache oubyen yon lòt avantaj yo pa dwe l nan komès entenasyonal."*

1. Sa lwa a di: Kouman Lwa 12 mas 2014 la defini koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik?

« Nenpòt moun ki pwomèt yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik *yon avantaj ekonomik yo pa dwe l, ki ofri li li, oubyen ki **ba** li li dirèkteman, oubyen endirèkteman, pou li pèsonèlman, oubyen pou yon lòt moun oubyen pou yon lòt antite, pou li fè yon bagay oubyen pou l pa fè yon bagay nan egzèsis fonksyon ofisyèl li, pou l ka jwenn yon mache oubyen yon lòt avantaj yo pa dwe l, oubyen pou l konsève l resevwa prizon ak yon amann senk san mil (500.000.00) goud.*

Yo bay yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik ki mande yon avantaj yo pa dwe l oubyen ki asepte li, dirèkteman oubyen endirèkteman, pou li pèsonèlman, oubyen pou yon lòt moun oubyen pou yon lòt antite, pou li fè yon bagay oubyen pou l pa fè yon bagay nan egzèsis fonksyon ofisyèl li menm pèn yo."

3. **Rechèch tout eleman materyèl ak eleman moral enfraksyon an**

1. Moun ki fè enfraksyon an

4. **Nenpòt moun ki pwomèt yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik yon avantaj yo pa dwe li, ki ofri li li oubyen ki ba li li, dirèkteman oubyen endirèkteman.**

5. **Tout ajan piblik etranje oubyen fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik ki mande yon avantaj yo pa dwe l oubyen ki asepte l.**

3.2 Prèv materyèl: enfraksyon moun nan fè a menm

Prèv materyèl ki konfime konpòtman yo repwoche a prezan epi li parèt plizyè fason:

a) Sa yo repwoche yo

Yo parèt nan zak sa yo:

- Yon moun pwomèt yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik yon avantaj yo pa dwe l, li ofri li li, li ba li li.

- Yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik etranje mande yon avantaj yo pa dwe l oubyen li asepte l.

b) Konsekans final pou moun ki fè enfraksyon an

Yo parèt nan pèn ak sanksyon atik 6 lwa 12 mas 2014 sou prevansyon koripsyon ak represyon koripson an prevwa byen klè yo.

6.1. Prèv moral: entansyon pou moun nan fè enfraksyon an

Prezans eleman moral la nan yon konpòtman yo repwoche konfime sètitid moun ki fè enfraksyon an pou li fè li.
Prèv moral la konfime volonte moun ki fè zak la pou li fè zak koripsyon sa a. Sa parèt nan konpòtman sikolojik moun ki fè enfraksyon an ki fè zak sa a lwa 12 mas 2014 la pini an ak tout volante li. Zak koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon piblik entènasyonal sa a fèt ak entansyon epi aktè yo aktif.

4. Radyografi atik 6 la	
Pèn ak sanksyon pou moun ki fè enfraksyon an	Prizon ak amann senk san mil (500.000.00) goud. **Remak**: Dire prizon an ap depann de gravite ka a selon apresyasyon jij penal la.
Moun pèn ak sanksyon yo konsène	Yon minis pwomèt yon ajan piblik etranje ki reprezante yon enstitisyon entènasyonal piblik ki bay/prete lajan pou li mete kritè ki mete sèten moun sou kote pou li prepare yon dosye apèl d òf ki koresponn ak fim etranje a pou se fim etranje ajan piblik etranje a te siyale minis lan yo bay kontra a. Yon reskonsab pwojè ak pwogram nan sektè dlo ak pwòpte yon enstitisyon ki bay/prete lajan di li pa gen pwoblèm pou yon mache ki pa respekte sèten prensip fondamantal pasasyon mache piblik pou yo kapab bay sèten pwòch ak/oubyen asosye manm gouvènman ki la a yo depi y ap ba li avantaj yo pa dwe li yo mal pou detekte ale wè pou yo ta denonse yo.
Fason fòm koripsyo sa a parèt pi souvan	Nenpòt moun oubyen enstitisyon piblik ou prive
Aktè ki pratike fòm koripsyon sa a	Nenpòt ajan piblik etranje oubyen fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik.

SA POU NOU SONJE

Nan kad koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik, depi yon moun pwopoze yon avantaj yo pa dwe oubyen li mande li pou l fè yon bagay oubyen pou l pa fè yon bagay nan kad fonksyon li, sa sifi pou koripsyon an egziste epi pou yo di koriptè a se yon aktè aktif.

5. Egzèsis/Evalyasyon

Tès rapid: Krelsyon an gwoup-Kesyon/Repons o chwa

KOREKSYON AN GWOUP

1. Ki prensipal moun ki fè koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik?

a) Nenpòt moun ki pwomèt yon ajan piblik etranje oubyen yon fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik yon avantaj yo pa dwe li, ki ofri li li oubyen ki ba li li.

b) Nenpòt moun oubyen enstitisyon ki benefisye yon avantaj nan men yon moun peyi etranje.

c) Nenpòt ajan piblik etranje oubyen fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik ki mande yon avantaj yo pa dwe li oubyen ki asepte li.

d) Nenpòt moun ki resevwa yon avantaj yo pa dwe l nan men yon ajan piblik etranje oubyen nan men yon fonksyonè yon òganizasyon entènasyonal piblik.

2. Koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik mande:

a) yon sèl aktè aktif.

b) yon sèl aktè pasif.

c) de aktè aktif.

5 Koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik mache ak pèn ak sanksyon kont:

a) enstitisyon sèlman.

b) koriptè a/yo ak kowonpi a/yo selon degre patisipasyon yo.

c) moun peyi etranje sèlman.

6.2. Evalyasyon final: Kesyon/Repons. Ka pratik.

1. Defini koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik. Ki pèn ak sanksyon k ap tann koupab yo?

2. Kilès ki fè koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik?

3. Moun ki fè lwa ann Ayiti yo prevwa yon seri dispozisyon pratik pou fè prevansyon koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik. Bay referans legal ki gen sou sa. Repwodui sa li/yo di la a.

4. Ki sò moun ki konplis nan enfraksyon sa a? Èske yo kapab pousuiv yo? Èske yo kapab pini yo?

5. Imajine yon ka koripsyon ajan piblik etranje ak fonksyonè òganizasyon entènasyonal piblik. Prezante sitiyasyon an. Fè kòmantè sou li etan w ap prezante eleman materyèl ak eleman moral . Presize si koripsyon sa a aktif oubyen pasif.



Vers une bonne politique de communication de l'administration publique

DÈNYE KOZE

Mànyèl pou konbat koripsyon sa a se yon zam efikas nan men tout sitwayen, gason kou fi, ki ba yo mwayen pou yo reyaji devan zak koripsyon yon fason lojik. Paske konbat koripsyon mande aktè, gason kou fi, ki gen kapasite pou yo idantifye zak koripsyon yo, pou yo prepare dosye sou yo, pou yo pote plent, pou yo lonje dwèt sou yo, pou yo kondane yo, pou yo di NON!

Men batay sa a se va yon batay tout moun. Se va batay asosyasyon sitwayen, gason kou fi, gwoup òganize, moun ki konnen bagay yo byen, ki angaje nan chanjman sosyal k ap bay avètisman.

N a genyen batay sa a lè pouvwa Leta ki la pou bay jesyon byen piblik la fòm epi pou kontwole jan sa fèt yo apiye sitwayen yo, gason kou fi. N a genyen li lè lajistis va fè travay li. N a genyen li lè y ava aplike lalwa nan tout sans kont moun ki gen pouvwa yo. Se sitwayen yo, gason kou fi, ki dwe pwovoke chanjman an pou lajistis fonksyone byen.

Si nou wè Mànyèl pou konbat koripsyon sa a kòm yon zam efikas nan men sitwayen yo, gason kou fi, fòk nou admèt nou kapab devlope lòt zam ki pi efikas toujou ak enfòmasyon ki nan liv la. Paske, imaj ak son, rezo ak medya sosyal, telefòn entelijan, nouvo teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon se yon bann mwayen pou nou note sa k ap pase, pou n monte dosye, pou n denonse sa ki mache mal, pou n gaye yo, pou n anonse yo, pou n soti nan neglijans, pou n evite kwè tout sa yo di nou ak tout sa ki sanble ak yo.

Ayisyen, gason kou fi, genyen yon “dinamit” nan men yo jodi a ki kapab fè sistèm koripsyon moun ki gen pouvwa yo vle kenbe nan peyi a esploze, li kapab chavire sistèm nan. Se pou sa menm Mànyèl pou konbat koripsyon sa a la. Viv transparans! Viv obligasyon pou moun rann kont! Viv efikasite ak efisyans nan depans piblik! Viv patisipasyon sitwayen! Viv prensip trete tout moun menm jan ak jistis!

Ansanm Kont Koripsyon.

SA KI NAN MÀNYÈL LA

POU KONBAT KORIPSYON 1

DE MO SOU ECC 4

INTWODIKSYON 6

KONTEKS 9

CHAPIT 33

CHAPIT 37

CHAPIT 41

CHAPIT 45

CHAPIT 51

CHAPIT 55

CHAPIT 60

CHAPIT 68

CHAPIT 72

CHAPIT 76

85

NOTES

NOTES

Depo legal bibliyotek Nasyonal

Depo legal : 20-10-327

ISBN :978-99970-64-98-1